УэрэджыІакІуэ, егъэджакІуэ, гъэсакІуэ Іэзэ

2-нэ нап.

Радиацэм и зэран зэкІахэм я махуэм

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

БэнакІуэхэм дагъэгушхуэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№49 (24.487) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

«Ашэмэзым» и гъэсэнхэр

4-нэ нап.

Урысей парламентаризмэм и махуэм хуэзъэза КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и хъуэхъу

Сенаторхэм, депутатхэм, Парламентым и ветеранхэм Урысей парламентаризмэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

Къэрал, щЫпІэ самоуправленэмкІэ къулыкъущапІэхэр къэралым къыпэщыт Іэхъушхуэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ, зегъэкІуэнымкІэ цІыхухэм Іэмал къезыт иджырей урысей жылагъуэм и лъабжьэ быдэщ. Зэманым щытыкІэщІэхэр къыщытхуигъэув лъэхъэнэм хабзэубзыку Іэнатіэм и федеральнэ, щІыналъэ къулыкъущапІэхэр къэралым и мурадхэр пхыгъэкІыным, кІалэнхэр гъэззэщІэным зэкъуэту хуэлэжьэным быдагъ яхэлъу яужь зэритыр, цІыхухэм я зэІуэзэпщ псэукІэр егъэфІэкІуэным, экономикэ, социальнэ зэпІэзэрытынигъэр къызэгъэпэщыным жыджэру зэрыхэтыр нэрылъагъущ.

Шэч къытесхьэркъым урысей парламентаризмэр ди къэралым и лъэщагъым, и щхьэхуитныгъэм я шэсыпІэу адэкІи зэрыщытынум.

Узыншагъэ быдэ фыщымыщІэну, ди Хэкум, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэІузэпэщыгъэм папщІэ евгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм адэкІи ехъулІэныгъэхэр щывІэну сынывохъуэхъу.

ЗэпІэзэрытыныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я лъабжьэу

Урысейм и парламентаризмэр махуэшхуэ нэхъ «щІалэхэм» ящыщщ.

АР гъэлъапІэным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуауэ щытар спикерхэу Матвиенкэ Валентинэрэ Нарышкин Сергейрэщ. Мы махуэр и щыхьэтщ демократиер щытепщэ къэрал дызэрыщыпсэум. Парламентаризмэм и махуэр 2012 гъэм мэкъуаурэгъуэм и 27-м федеральнэ хабзэм тету къащтащ.

Ди къэралым и тхыдэм щыяпэ демократ институт нэхъыщхьэм - Урысейм и Къэрал Думэм - 1906 гъэм лэжьэн щІидзащ.

УФ-м и Конституцэм ипкъ иткІэ, 1993 гъэм щегъэжьауэ Урысей Федерацэм закон къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр Федеральнэ Зэхуэсращ - Урысей Федерацэм и Парламентырщ. Ар палатитІу зэхэтщ - ФедерацэмкІэ Советрэ Къэрал Думэрэ. ФедерацэмкІэ Советыр Федеральнэ Зэхуэсым и палатэ нэхъыщхьэрщ, абы къэралым и хэгъэгу къэс къыбгъэдэкІ лЫкІуитІ хэтщ. Къэрал Думэр Федеральнэ Зэхуэсым и палатэ етІуанэрщ, депутат 450-рэ хэтщ, ахэр ильэситху пІалъэ яІэу хах.

Урысей парламентаризмэр демократием къыгуэхыпІэ зимыІэ и Іыхьэщ, цІыхум и зэфІэкІымрэ и псалъэмрэ пщІэ щаІэ жылагъуэ зэхэтыкІэ убзыхуным хуэгъэпса Іэнатіэщ. Абы и фІыгъэкІэ жылагъуэм и гъащІэм ехха Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм зэщІыгъуу унафэ тращІыхьыф, цІыху псоми я сэбэп зыхэлъхэр къалъытэуэр.

Парламентаризмэр зэрызэфІэувар къыгуэхыпІэ имылІэу ехпащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цІыхубэм я псэукІэми. УзэпльэкІыжрэ абы къинкІуа гъуэгуанэм урилльэжмэ, гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым зэман зэхуэмыдэхэм къалэн зэмылІэужьыгъуэхэр зэдихьу зэрекІуэкІам, а къалэнхэр депутатхэм пылъхьэншэу зэрагъэззэщІам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал властым и органхэр, граждан жылагъуэ Іуэхущ апІэхэр къыззрызэрагъэпэщ, ахэр зэрылажьэ хабзэ лъабжьэхэр зэтеГъуэзэныр. 1997 гъэм фокІадэм и 1-м Парламентым къищтащ Къабардей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр - Урысей Федерацэм хэт, демократ хабзэхэр зи лъабжьэ иджырей къэралыгъуэм и япэ конституцэр. Аращ республикэм и жылагъуэ политикэ щытыкІэр зэпІэзэрытыным, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кьахэкІа цІыхубэр зэгурыІуэным джэлэс хуэхъур.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм Урысейм щокІуэкІ «ЩІэныгъэ. Пашэхэр» федеральнэ егъэджэныгъэ марафоныр. Москва, Архангельск, Луганск къалэхэм, Пятигорск щыІэ «Мэшыкъуэ» егъэджэныгъэмкІэ центрым къыщыззрагъэпэщащ апхуэдэ утыкуэр.

Зыужьыныгъэр щІалэгъуалэм епхащ

ПЯТИГОРСК ирагъэблагъэ къэрал лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ пашэ, щІэныгъэлІ щэджащхэм ящыщщ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Ди республикэ унафэщІыр щІэблэм яхуэзащ икІи къэралым, республикэм и зыужьыкІэ нэхъыщхьэхэм, щІэблэм я къалэнхэм, абыхэм я Іуэху дэкІын папщІэ къахуэгъэпэщыпхъэхэм, туризмэм, хьэщІэ къеГъэблэгъэкІэм, мэкъумэш Іэнатіэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, ухуэныгъэм, промышленнэ Іэнатіэм, нэгъуэщІхэми я гугъу ящІащ.

КІуэкІуэ Казбек и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ уи лъэпкъ ухуэлэжьэныр, абы ухуэщхьэпэныр къалэн нэхъ лъапІэ дыдэу щІыхум и пащхьэ къыиувэхэм зращыщыр. «Мы зэІущІэм хэт псоми фи хъуэпсапІэхэр зыІэрывгъэхьэу фи хэку цІыкІум, Урысей Федерацэм я зыужьыныгъэм фи гуащІэ хэфІъхьэну къывэхъуІэну сынывохъуэхъу», - жиІащ КІуэкІуэм.

Іэтащхьэр нэхъапэу зытепсалъыхьахэм ящыщщ «Псэупі» лъэпкъ проектымрэ «Къалэ кІуэцІхэр зэІуэпэщ щІын» федеральнэ проектымрэ ди республикэм гъэззэщІа зэрыщыхъур. «Гъэгуэр, зыгъэпсэхупІэ щЫпІэхэр, планэпэ хэхахэр, псэупІэхэр - цІыхур къэзыуХъуреихь псоми мыхьэнэшхуэ яІэщ щыпсэу щІыпІэм хуиІэ щытыкІэр зыхуэдэнымкІэ. Къалэхэм спорт, щэнхабзэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ Іуэхущ-ІапІэхэр къыщыззІуныкъуэ сэбэп мэхъу щІалэгъуалэм зэрыщыхъур. «Гъэгуэр, зыгъэпсэхупІэ щЫпІэхэр, планэпэ хэхахэр, псэупІэхэр - цІыхур къэзыуХъуреихь псоми мыхьэнэшхуэ яІэщ щыпсэу щІыпІэм хуиІэ щытащ Іэтащхьэм, фІыщІэу хуащІари мащІэкъым. Къызззхуэсахэр тепсэлъыхьащ Налшык нэхъри къэбгъэщІэращІэ зэрыхъунум. Абы папщІэ щыІэ Іэмалхэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэрызегъэужьыпхъэм, туризмэм зэрызрагъэубгъу, хъунухэм, нэгъуэщІхэми. ЩІалэхэр мыгувэу къызэІуахыну экстримпарким зэрыщыгуфІыкІар, Мыл уардэунэ зэрауХуэм ягу зэрыхигъахъэр жаІэри, КІуэкІуэм фІыщІэ хуащІащ. Іэтащхьэм жиІащ мы гъэм Кизиловкэ Іуащхьэм дэкІуей гъуэгури зэІузэпэщ зэращІынур.

«Сэ сыщылажьэ щІыналъэм и щІыуэпсыр зыхуэбгъадэ хъун щыІэкъым. Абы къыхэкІыу, ар зэІузэпэщ хъун щхьэкІэ дызыхуэныкъуэ ухуэныгъэхэр дэщІыхьын хуейуэ араща, Урысей Федерацэм и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэмкІэ куэд щызэфІдогъэкІ. Федеральнэ центрым къытхуиутІыпщ ахъшэм щІыналъэ мылъкум щыщи хьдолъхьэри, республикэм нэхъри зэрызедгъэужьыным дыхущІокъу. КъиджынымкІэ, къыщІалъхуа щІыпІэм щылэжьэну, щІыпсэуну жэрдэм яІэнымкІэ», - жиІащ унафэщІым. Абы дыщигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур щІалэгъуалэм къыгуэхыпІэ имылІэу ехпауэ зэрыщытыр.

Ди республикэм икІахэр жаІу хэтащ мы зэІущІэм, зыгъэпІейтей упщІэ псори ирагъэжьащ. ЩІэныгъэм и пэ щыІэ щІалэгъуалэ щхьэхуитныгъэ зиІэ, щІэныгъэлІ щэджащ Мамхэгъ Аслан. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Къэрал Къэбар Къулыкъушхуэм и Къэрал Къэбар Къулыкъушхуэм и Къэрал Къэбар Къулыкъушхуэм

1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Чернобыль атом электростанцыр, СССР-м и станц нэхъ лъэщ дыдэм, и еплIанэ блокыр хэуащ. Зиубгъуи, кIуатэуурэ, Iэгъуублагъэм щхьэщыт хьэуам и щхьэ бзаджэр хэутыпщхьа хъуат.

Радиацэм и зэран зэкIахэм я махуэм

ДУНЕЙПСО энергетикэм и тхыдэм япэу къыщыхьуа а гуаугъэшхуэм цIыху куэд хэкIуэдащ, къэрал зыбжанэм я экономикэм зэранышхуэ хуэхъущ.

Чернобыль и гъэзэ «кIуэфIыцIыр», километрищ бжыгъэм зыщыубгъуурэ, зэман кIыхькIэ цIыхуэм ящхьащтащ.

КъэхуэкъащIэ шынагъуэм и Iэужьхэр хэмыгъэтIэсэным телажьэу а щIыпIэм псом ягъэкIуахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа щIалэхэри. Ахэр дзэм къулыкъу щIэзыхьэкIыт, мафIэсгъэункIыфIыкIыт, езыхэм я фIэфIыкIыгъэ хэлъу а щIыпIэм кIуэну зизычахэрт.

Мы гъэми а махуэм теухуа гукъэкIыж зэхьыхь щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ дзэ комиссариатым и гупэм щыт фэеплъ мывэм деж.

ПэкIу цIыкIум къеКIуэлIащ Чернобыль къэхуэкъащIэм и ветеранхэр, дзэ комиссариатымрэ мафIэсгъэункIыфIымрэ къулыкъу щезыхьэкIхэр, Налшык къалэ администрацэм щыщхэр, журналистхэр.

ЗэIущIэм пэублэ псалъэ щыжиIащ «Союз Чернобыль» зи фIэщыгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Хьэбалэ Iусэсэн.

- Радиацэм зэщIищтат Украинэм, Урысейм, Беларусым я щIыналъэхэм щыщу километр зэбгрыуэнатIэ мин 56-рэ. Нэхъыбэ дыдэу лей зытехьауэ щытат станцым километри 100-кIэ нэхъ пэмыжыжьэ щыпIэхэрщ. Ди республикэм икIыу къэхуэкъащIэ шынагъуэм пэщIэтыну кIуахэм ящыщу ди нобэм ирихьэлIэу цIыху 227-р псэужькъым, ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм я бжыгъэр 470-м щIегъу. А къэхуэкъащIэ шынагъуэм и зэранкIэ бэлыхь мыуахыьм хэхуащ ар къыщыхьуа щыпIэм и Iэгъублагъэм щыпсэуахэр, куэдым я унэ-гъапсэ хьифIадзэн хуэй хъуащ, нэгъуащI абы хуэдэ тхьэмыщкIа-гъэхэри къалтысащ, - жиIащ Хьэбалэм.

КIэлъыкIуэу къыщхуэсхахэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Налшык къалэ и щIыпIэ администрацэм и унафощыем и куэдзэ Хурэ Тимур.

- Чернобыль къыщыхьуар гъэзэкIуэжьным, къыззрабжамкIэ, цIыху мин 600-м нэблагъэ хэтащ. Щэч хэмылъу, абыхэм псоми лIыхъужьныгъэ зэрахьащ. Сыту жыIэпIэ, ахэр зэрыхуа щытыкIэмрэ къыщыхьута щыпIэмрэ цIыху гъащIэм дежкIэ шынагъуэщхуэт. Атом блокыр къуэа иужь, хьэуам зэщIифащ здыкъуэкIуэ къыдыхэкIуэ уран, плутоний, йод, цезий, стронций, радиактивнэ сабэхэр. Хуиту дунейм къытехьа нэужь, ахэр щIэх пхуэгъэкIуэдэжькъым. КъэхуэкъащIэм къыкIэлъыкIуа радиацэм и зэранкIэ узыфэ зэхуэмыдэхэр яIэу, ди къэралым и гугъу дымыщIыхьэми, Европэм къыщалъхуащ сабийми мини 10-м щIигъу. Километрищ Iэгъуублагъэм нэхъыбэ щыхъуат катаркъэтэм, гу узым, лышхьм иубыдэхэр, Даун и узыфэр зыпкърыиту къалъхуэр. КъэхуэкъащIэ шынагъуэм пэщIэтахэм ящыщу мыбдежым къыщызэхуэсахэм фIыщIэ фэгъэзощI, апхуэдэ нэщIабжьи гъэзэгъуи фымыльагъуу иджыри куэд къэзгъащIэну сынывохьэхъу, - жиIащ Хурэ Тимур.

БЭРАУ Бышэ.

Уэрэджы1ак1уэ, егъэджак1уэ, гъэсак1уэ I эзэ

● ДифI догъэтъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингушым, Осетие Ипщэм щIыхь зиIэ я артисткэ, и макъ дахэмкIэ, утыку итыкIэ екIумкIэ щIыпIэ куэдым къыщащIыкъу Даур Иринэ мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

Макъ лъэщ зиIэ, зи уэрэд жыIэкIэр, утыку итыкIэр гурыхь бзыльхъуэр дапщэщи фIым хуоплъэ, езым и дунейм и мызакъуэу, ихъуреягъым я дунейри яхуеГъэдэхэ. Ар зыцIыхухэм къыбжаIэфынущ абы зи гъащIэр зэтриухуа, гъуэгу пэжым тригъэувэ ныбжьыщIэхэр куэд зэрыхъур.

Даурым сыщепсальэм сэ къэсцIыхуар уэрэджыкIуэ I эзэм и закъуэкъым, атIэ егъэджакIуэ гумызагъэу, гъэсакIуэ бзыльхъу, хабзэ дахэ зыхэлъ, къызыхэкIам хуэфащэ бзыльхъуэ къарууфIэу зэрыщытми гу лъыстащ. Иджыкъ Иринэ иIэ ехъулIэныгъэхэм ар занщIэу хуэкIуакъым.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, щIэтIысхьащ Налшык дэт макъамэ училищэм (иджы ЩIэнхабзэмрэ гъазджэхэмкIэ колледжщ). Ар къиуха нэужь Тбилиси дэт къэрал консерваторэм макъамэмкIэ щIэныгъэ щызэрыгъэтущ. КъыхэзгъащIихъэщ адыгэ лъэпкъ операхэм, оперетта зэмылIэужьыгъуэхэм Даур Иринэ парти нэхъыщхьэхуагъэфэщащ. УэрэджыкIуэ бзыльхъуэр фIыуэ щалъагъур ди республикэм и закъуэкъым. Абы и зэфIэкIым пщIэ лъагэ къащцыхуащI ди лъэпкъэгъуэхэр куэду щыпсэу Тыркум, Иорданием, Сирием, Германием, Испанием, нэгъуэщI къаралхэм. И махуэм ирихьэлIэу Иринэ зыхьуэдгъаззэри депсэльащ, къыджиIащэ ди гуапэу фи пащхьэ идохь.

- Уи творческэ гъуэгуанэр сыт хуэдэу щыта?

- Сэ насыпыIэ, профессиональнэ уэрэджыкIуэхэращ сызыхэтар, абы къыхэкIыуи, си зэфIэкIыр здыдэнэсыр сщIэжу сыкъекIуэкIащ. Сызыхэтхэри музыкэщIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыбгъэдэлъ гупти, зыми лъэкъуэпэщIэдэ къысхуищIакъым. Си щхьэкIэ игъащIэм зыми сефыгъуакъым, къызэфыгъуаIауи гурыщхъуэ зыхуэсщIа щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ насыпэ зыхэслъагъуэм, гурыфIыгъэ а къызэзытым нэхъри нэхъыбэ хуейт си хъуреягъыр. Сэ жысIэрейщ - цIыхуэхэм фIыуэ сыкъыкIэзэрлъагъур мащIэ дыдэщ, езыхэр зэрыслъагъум елъытауэ. А дуней еплъыкIэращ насыпыфIэ сызыщIри. Мыри къыхэзгъащIынут. Дунейм сыкъыщытехьам «Шэрий Иринэ хуэдэ хъун щхьэкIэ», - жаIэри си цIэр къысфIащауэ щытащ. А дакъикъэм щыщIдзауэ си гъуэгур убзыхуэ хъуат. Сэ къэсщIэжьым щегъэжьауэ, зы махуэ си гъащIэм хэтакъым артисткэ сыхъуну сыхуэмеяуэ. Курыт еджапIэм сыщIэсыху, уэрэд зэрысхужьыIэр зыми къезгъащIакъым, си хъуэпсапIэхэри дунейм къытезгъэхьакъым: сышыныэрт ар зыгуэрым къыщIидыдмэ, е къысщыдыкъэшхынкIэ.

- Нэхъ ипэкIэ пта интервьюхэм къыхощ уэ гугъуехьым ущымышынэу, пхузэфIэкI пщIэуэ укъызэрыгъуэгурыкIуар.

- Ар пэжщ. Налшык дэт макъамэ училищэр къэзуха иужь, си пхъур илъэсиплI ирикъуну сежьэри, Тбилиси дэт консерваторэм сыщIэтIысхьауэ щытащ. Си щхьэгъуэм сытримыгъэгушхуамэ, сымыкIуэнкIи хъунт, ауэ ар къыззрыскъуэтым къару къыскихпъхьэри... Пэжщ, си унагъуэм сазэрыпэIэщIэр ямылейуэ къыззхьэлъэкIырт, сытезыгъэуэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтынрати, жэщи махуи седжэрт. Ар къэзуха иужь, 1990 гъэм Налшык дэт Музыкэ театрым и солистэу, Щэнхабзэмрэ гъазджэмкIэ колледжым егъэджакIуэу соув. Абы Iьандэрэ колледжым сыщыщIэщ. КъызэрымыкIуэу сфIэфIщ сабийхэм садэпэжьэну.

Консерваторэр къэзуухьу Налшык сыкъыщыкIуэжам цIыхуэхэм си уэрэд жыIэкIэр къагурыIуэртэкъым. Ди гъунэгъу гуэрым къызжиIат: «Къъа, Иринэ, моуэ уи макъыр думышейуэ уэрэд жыIэ». ИльэсипщIым нэблагъэ дэкIа иужьщ «думышейуэ уэрэд жыIэ» псалъэхэм я мыхьэнэр къыщыгурыIуар. КъызэрыщIэкIамкIэ, академическэ уэрэд жыIэкIэрат игу «темыхуэр» ... *(мэдыхьэшх)*. Эстрадэ уэрэдхэр жыIэн щIэздза иужь ар къызбгъэдыхьэри: «Армыраи хабзэр! Мис иджы хъуащ!» къызжиIат.

- СызэрыщыгъуаззэмкIэ, уэебгъаджэ ныбжьыщIэхэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм пшэ зэпытщ, абы хэм щIэх-щIэныгъэ бжыгъэр щагубыд.

- Си деж щеджакъэу Бэрэгъун Марьянэ, Хьэцей Тимур, Уэзэрокъуэ Чэрим, Мэз (Пщцынэ) Джульеттэ, Къудей Аскэр, ДыщэкI ФатIимэ сымэ ди республикэми и дунейми ящыщ. А щIэныгъэ уэрэджыкIакIуэхэщ. Абыхэм я ехъулIэныгъэм си щхьэр лъагэу сегъэльагъуэ.

Колледжым къекIуэлIэхэм ябгъэдэтлъхьэр музыкэ щIэныгъэм и закъуэкъым, атIэ я гъэсэныгъэри зэредгъэфIэкIуэным дыхущIокIу. ЗэфIэкIым я нэхъ иныр иIэми, цIыхур мыгъэсамэ, псори фагъуэ щIохьукI. 9 - 11-нэ классхэр къэзыуха ныбжьыщIэхэм гъащIэми цIыху хэтыкIэми хащIыкIар мащIэ дыдэщ. Ди деж зэрыщыIэ зэманыр дымыкIуэтыпщу хабзэ дахэхэр зэрахэтлъхьэным дыхущIокIу. Си дежкIэ творчествэри егъэджэныгъэ Iуэхури зэкIэщIэпч мы-хьэр ныхьитIщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а егъэджэхэм я екъупIэныгъэхэр сэ си хэхъуэщ икIи ахэр нэхъыбэрэ утыку къызгъэхьэмэ, я зэфIэкIыр цIыхуэхэм къезгъащIэмэ нэхъ къызощтэ. Сэ уэрэд жыIэнкIи утыку итынкIи хьэкъ къыстенакъым. Иджы къыкIуэнур зей щIэбгъэр утыкум кьишапхъэщ. Абыхэм я екъулIэныгъэм сэ къару ин къыхсхельхьэ, си лэжьыгъэр пщIэнщэ зыщымыхъуар, дяпэкIи а Iуэхум пыщэн зэрыхуейр къызэгурегъаIуэ.

- Иужьрей илъэсхэм уи студентхэм я1а екъулIэныгъэхэм, фызыхэта зэпеуэхэм я гугъу уэзгъэщIынут.

- Си деж щеджа Савейкэ Лидие Италием сшэри, Осетиимэ къалэм дэт консерваторэм щIэзгъэтIысхьащ. Даур, арсыззрытепсэльыхьым хуэдэу тыншу къыдэхъулIакъым. Хъыджэбзыр а консерваторэм щIэдгъэтIысхьэну я ягъэ зигу къэкIари тегушхуари сэращ. Лидие итальянбзэ ищIэртэкъым, сэ, куэдми - мащIэми, зыгуэр сщIэрт. Сытми, Италием докIуэ, оперэ театрым къызэрыщыдэдэхьэнум зыхуэтщIу. Дунэсэ иужьщ дызытегушхуа Iэхум и инагъыр къыщызгурыIуар. А махуэм сыгузавэурэ си Iэштымыр апхуэдизкIэ быдэу скъуэати, Iэбжьаналъхэр си Iэгум иджыри махуитIкIэ хэкIыжакъым.

А еджапIэ нэхъыщхьэ щIэрыIуэм щIэтIысхьэн мурад яIэу Франдзыкъ, Японием, Испанием, Куржым, нэгъэщI къэрал куэдым къыкIахэр къекIуэлIат абы. Си хъыджэбзыр ещанэу утыкум къыхьэри, фIы дыдэу зыкъыщIэгъуэ зэрыхуэхъуар. Ауэ, пщIыр сыткIэ щхьэпэ, абы фIы дыдэу зыкъыщызыгъэгъуэр сэ сшам и закъуэтэкъым, атIэ адрейхэми зэфIэкI ин къызыкъуахат.

Сыхьэтыр тхум консерваторэм щIэтIысхьэхэм я щIэ-унэщIэхэр къыфIадзат. ЦIыхуитху абы щIэхуауэ арати, ди хъыджэбзэри яхэтт. Си гъащIэм гуфIэгъуэ нэпс зыбжанэрэщ щыщIэзгъэкIар - абдежи зысхуэIыгъатэкъым.

Сэ схуэсу цIыхуэкIэ, еджакIуэкIэ къулей куэд щыIэу къыщIэкIынкъым, насыпифIэ сащI си деж щеджэхэм я ехъулIэныгъэм, зэфIэкIым. Псом хуэмыдэу сфIэфIщ сэ егъэджахэм я гъусэу зы утыку сыкъыщыкъэкIэ.

- Иджыпсту ебгъаджэ студентхэм ящыщу нэхъ къыхэжаныкIахэм я цIэ къытхуиплуамэ арат.

- Еплланэ курсым щIэс Ныр Заур и макъым зиIэлъэцIри, дахэ дыдэ хъуащ. КъыщынэмыщIауэ, абы егъэджакIуэфI дыдэ къыхэкIыну си гугъэщ. Ещанэ курсым щIэс Катя, Щоджэн Астемыр (2-нэ курс), Шагъыбрий Елдар (1-нэ курс) сыми си Iэхуум къыпащну, зыхуедгъэджам ирилэжьэну сащогугъ.

А цIыкIухэм къауха нэужь, дигу пымыкIыу, ди нэпс къытфIекIуэурэ дызэбгъэдокIыж *(мэдыхьэшх)*. Ауэ гъащIэ гъэугуанэ техьэ ныбжьыщIэхэм я къэкIуэнур дахэ зэрыхъунум щэч къытехсьэрыкъым икIи сэ абы папщIэ схуэзэфIэкIымкIэ дэтхэнэми эщIэзэгъэкъуэну сыхьэзырщ.

- Ди хьэл нэхъыфIу къэплъытэжэм ящыщ зы къыджеIэт.

- ЦIыху фIыуэ зэрыслъагъурщ! ГъащIэм хуэдиз гурыIуэгъуэ.

- Уэдэщыта къэралхэм щыщу дэтхэнэм тебгъэзэжыну ухуейт?

- Италием тезгъэзэнт. Ауэ си лъахэм фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ сыщыпсэуфынукъым. Ар хьэкъщ. Си лъэр быдэу зытетри, къару къызэзытри си щIыналъэщ, адэжь лъахэрщ.

- Сэ сызэрыщыгъуаззмкIэ, пхъурылъх хъыджэбз цIыкIуитI уиIэщ...

- Нэхъыжь цIыкIуребгъуаэ классым щIэсщ. ЗэрыцIыкIуэр уэрэд жыIэныкIэ зэпеуэхэм хэтащ, илъэс 12 зэрыхьурэ медицинэм ди лъхьэщIи, зыщIыпIи схуэхтыжькъым, ауэ макъ дахэ дыдэ иIэщ. ЕтIуанэ цIыкIум еплIанэ классыр кьеух, уэрэд жыIэныкIэм, ауэ Iэпщlэлъапщlэщи, Iэзэ быдэу хьэпIащIэ щыгъэкIэ хедыкI, бзылъхугъэм зэрыцIигъэдэхэ хьэпшыпхэр ещI. Си хъыджэбз закъуэр унагъуэфI зэрыхэхуам хуабжьу сронасыпифIэ.

- ЦIыхур зыгъэлъапIэу ещхьплъытэр сыт?

- Пэжыгъэ. Зэ пцIы къысхуэзыупса цIыхум гъунэгъу зэрызыхэхуэсщIыжьыкIыр щыIэкъым. Сэ гурэ-псэкIэ кьабзэу сызыбгъэдэт цIыхур апхуэдэу кьыхсчущIыжьину сыхуейщ. НэгъуэщI зэхэтыкIэм сэ сыхэзэгъэнукъым.

- ЦIыхухэм уаэзрыдэгуашэ гуапагъэмрэ лъагэуныгъэмрэ щыщыщIэу, уи гукъыдэжыр зыгъэкIуэщIыну уи умылъагъу, уи быным, абы къатепщIыкIыжкам къару къуэтрэ уи творческэ гъэугуанэр щэщIауэ иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъ эстрадэр бгъэбжьыфIэну дыпхуохуэхуэ!

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Щ1эныгъэм и лъагъуэхэщ ныбжьыщ1эхэр

Зи щэхухэр нэсу къэтIэщIа хъуа бзэ дунейм тету къыщIэкIынкъым. Ар кIадэм ещхьщ - къыззэтепхыху, зы тельыджэ гуэр къыдэкIыу, къызэбгъэдэзкIыху, зы хьэлэмэт гуэр и щIыпIэ къэхъуу. Бзэр хъугъуэфIыгъуэ псо ирокъу, и зэхэлъыкIэ-гъэпсыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэм ящыщIыгъуэ, лъэпкъым и гурыгъуэм, и гугъапIи, и хъуэпсапIи ихъыжьу. Зы ныбзэ фIэкIа мыхъуми, бзэм и зы Iухуэгъуэ къыщыпIэткIэ, къызэкъуихыр щIэныгъэм и къигъэхъуапIэ мэхъу, лъэпкъ гупсысэм и зы налъэ егъуэтыж. Апхуэдэ зы жэрдэмт ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа, «ЩIэнхабзэ лъахэ» зи фIэщыгъэ зэпеуэри.

КЪЭХУТАКIУЭ ныбжьыщIэхэм я хагъэгупсо зэпеуэр мы гъэм еплIанэ зэхохьэ. Абы зыхуигъэувыж пщэрылъхэм ящыщщ щIэблэр анэдэлъхубзэм нэхъ набдзэгубдзаплъэ хуэщIынкIи, и дахагъымрэ къулеягъымрэ зыхегъэщIэныр, бзэм и лэжьэкIэм хэлъ гъэщIэгъэнагъым дегъэхъэхыныр, а псом кърикIуауэ анэбзэр нэхъыфIу егъэльагъэныр, ирипсэльэныр яфIэфI щыныр.

ЗэIущIэ къущIафIэр щекIуэкIащ ЕгъэджакIуэхэм щIащIагъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэу Налшык къалэм дэт центрым. Мобы щыIэпеуащ къэхутэныгъэм дихьэх, 8 – 11-нэ классхэм щIэсхэр. НыбжьыщIэхэм зтыкIу кьрахьа лэжьыгъэхэр теухуат адыгэбзэм куэду щылажьэу, адыгэ гъащIэм щхьэпагъ щызIэ псалъэхэм я гъапсэр къэхутэным: «унэ», «мазхуэ», «нэху», «цIыху», «гъуэгу», «чафэ», «гъатхэ», «хуабэ», «гупсысэ», «нэхущ», «хуэк».

ЕрджакIуэм кьихутэн хуейт псалъэ кьыхихар и анэдэлъхубзэм зэрыщылажьэ щцыкIэр: и купщIэр, псалъэ зэпхахэм зэрыхуэвэр, кьыззрыкъуэ щцыкIэр, кьытекI псалъэхэр. Абы кьищынэмыщIауэ, еджакIуэм кьихьын хуейт къэхутэныгъэ зрищIакI псалъэр къызыхэхуэ псалъэжьхэр, жьIэгъуэхэр, къуажьхьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, кьигъэлъэгъуэн хуейт дэтхэнэ зы жьабзэ къэгъэщIыгъэми псалъэр зэрыхэлажьэ, хилъхьэ мыхьэнэр, кьИуатэ гупсысэр. Апхуэдэу еджакIуэм щапхъэу кьихьыну и пщэрылът хьыбарыжьхэм, таурыхьхэм псалъэр кьыззрыщыкIуэр; ар фIэщыгъэу кьагъэсэбэпамэ, художественнэ тхыгъэхэм уэрэщыцрихьэлIэр (прозэми поэзиеми). КьинэмыщIауэ, псалъэр щIэзэхихьи езы къэхутакIуэр эригъэгупсысыр, и нэгу кьыщIигъэхьэр лэжьыгъэм хипщэни хуейт.

КъэпщытакIуэхэм къалъытэнут зэпеуэм хэтым и лэжьыгъэр утыку къызэрырихьэ бзэм и зэрыугъэр, утыку кьищI гупсысэр зэрызэкIэлъыгъэкIуа щцыкIэр, псалъэм и тхыдэр зэпкърыха, къэIуэта зэрыхъуам и куугъыр, кьигъэсэбэп щапхъэхэр псалъэм и тхыдэр нэгъэсауэ зэпкърыхыным зэрытелажьэр, кьэпсэльэныгъэр хуэхэа пIалъэм (дакьикIупщIам) къызэритIасэр.

Зэпеуэм къыхьыха ныбжьыщIэхэр хуабжьу зжьакIуэт, кьыхаха Iэхуэгъуэхэр зэпкърахьи папщIэ, лъэныкъуэ куэдкIэ зэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIат еджакIуэхэм. Яэыхэзми и екъулIэныгъэхэр ещхьыгъуат, ауэ ар къызыхэкIари гурыIуэгъуэщ: егъэджакIуэхэм гъуэгу пэж ирагъэлъэгъуат, Iэхуэм кIуэрабгъукIэ хашат.

ЕджакIуэхэм я лэжьыгъэхэр къэзыпщыта гупым хэтащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ, доцент Унэлокъуэ Вячеслав, КъБКъУ-м ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и колледжым и егъэджакIуэ Пьостэн Маринэ, Адыгэбзэ Хасэм и цIыкIэ – Табищ Мурат.

КъэпщытакIуэхэм кьыхаГъэщащ еджакIуэ ныбжьыщIэхэм утыку кьрахьа къэхутэныгъэхэр псоми къэзэрехъулIар, щIэщыгъуэ куэд абыхэм зэрыхалъэгъуар, дяпэкIи узэлэжь хъун хьэлэмэт Iэджи кьызэрыщIагъэщар. Ауэ, сыт хуэдизу лэжьыгъэхэм гур хамыгъахъэуми, екIуэкIыр зэпеуэти, увыпIэкэр тегуэшэн хуейт. КъыщIидзар мыращ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм Гран-при хуагъэфащащ Дзэлыкъуэкъуажьэ дэт курыт еджапIэм №91-м и 11-нэ классым щеджэ Дол Динарэрэ 9-нэ классым щеджэ Аброкъуэ Радимэрэ. ЕгъэджакIуэр Бей Жансурэтщ.

Апэ увыпIэр ирагащ Зыгуэрт къуажэм дэт, Дол Хьэсэнбий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм и 9-нэ классым щеджэ Къанло Аидэ. ЕгъэджакIуэр Бищо Мафурэщ.

2-нэ увыпIэр зэдагъэшащ Джэрмэнышык къуажэм дэт курыт еджапIэм и 9-нэ классым щеджэ Джьинэ Даринэрэ (егъэджакIуэр Гъуклэпщокъуэ Iэсиятщ) Тамбовскэ къуажэм дэт, Щомахуэ Алексей и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм и 7-нэ классым щеджэ ТIахьуш Алёнэрэ (егъэджакIуэр Щомахуэ Дусэщ).

Зэпеуэм хэтахэм ящыщу 3-нэ увыпIэр ялъысащ Инарыкъуей къуажэм дэт, Пэнагуэ Азэмэтджэрий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм и 9-нэ классым щеджэжэу ДышэкI Ясминэрэ Зэрий Дисанэрэ (егъэджакIуэр Хьэрэдуэрэ Эммэщ). Къармэхьэлэ дэт, Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №91-м и 9-нэ классым щеджэ Кърымщокъал Мэрьем (егъэджакIуэр Бей Маринэщ).

ЫбыщIэ яхуэфащэщ мыпхуэдэ лэжьыгъэ мытынш, ауэ щхьэпэ, бзэм и щхэхуэм кууу щызэIигъэгъуазэм си еджакIуэхэр кьыхэзыщахэм. Щытхъу яхуэфащэщ щымышынэу абы хьихьу екIуэр ещхьу утыку ита еджакIуэхэмэ.

ШУРДЫМ Динэ.

Шэрэдж щ1ынал1эм и гъуэгухэр

Шэрэдж щIынальэм егуГуу къыщрахьэлIэ «ФIагъ льагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» пэхуэщIэм хигубыдэ лэжьыгъэхэр.

ЖЭМТХЬэПЭ зыхуэи щыхуагъэзащ километри 5-м щIигъу зи кIыхьагъ гъуэгур. Абы кьыщагъэсэбэпащ битум-полимер, геосеткэ жыхуаIэ иджыпей пкъыгъуэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ асфальтыр зытралъха гъэгуущIэхэр сэкъэтыншэу илъэс куэдкIэ яхуэлэжьэнущ.

Гъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыжьым къыдэкIуэу, автономнэу лажьэ светофорхэр ягъэуващ, лъэс зэпрыкIыпIэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр, Жэмтхьэлэ ЦIыкIу псым тель лъэмыжьым и къэухьэр къагъэщIэрэщIэжащ. Зыхуей хуагъэзэ гъуэгур кьахуэссэбэпащ школакIуэхэм, си сабийхэр садым зышэ адэ-анэхэм. Къуажэм дэт кьулыкъущIапIэхэм, жылагъуэ администрацэм, пощтым, мэжджытым уекIуэлIэныр куэдкIэ нэхъ тынш хъуащ. А гъуэгурщ щынальэ центрымрэ Налшыкрэ узэрыкIуэри. Бабугент къуажэми щызэрагъэпэщыжащ километри 2 зи кIыхьагъ гъуэгур.

2023 гъэ икIыу Шэрэдж щынальэм и щIыпIэ щхьэзэхуэкъ километри 10 зи кIыхьагъ гъуэгухэм апхуэдэ лэжьыгъэхэр кьыщрахьэлIэну я мурадщ. ПэхуэщIэм хивбыдэнущ Зэрэгъыжрэ Балъкъэр Ипщэмрэ я социальнэ Iэхуэщ1апIэхэм, еджапIэхэм, мэжджытхэм екIуэлIэ гъуэгухэр.

Шэрэдж щынальэм и гъуэгухэр зэIуэзэнущ щытыным ди республикэмкIэ мыхьэнэ ин иIэщ, турист гъуэгуанэхэм я нэхъыбэр а щынальэм зэрыхуэзэр кьэпльытэмэ: Шэрэдж ауэлр, Уштулу, Гуэл ЩхьэантIэхэр, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ фэепъ щIыпIэхэр зэрызэхагъэбыдэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Дунейм щыхъыбархэр

Министрхэр зэгуроIуэ

Москва щызэхуэзащ Урысейм, Сирием, Ираным, Тыркум зыхьумэжныныгъэмкIэ я министрхэр. Ахэр зытепсэлъыхьа Iэхуэгъуэхэм ящыщщ Сирием и щынальэм Тыркум и дзэхэр къызэрырашыжыну щыкIэр.

Апхуэдэу министрхэм и гугъу ящIащ М4 дунейпсо трассэм зэрыщызэкIуэнум теухуауэ 2020 гъэм зэращIыпIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр зэрагъэзэщIэнум.

Урысейм ЗыхьумэжныныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, зэпсэльэныгъэм хэтахэр арэзы зэдэхъащ Сирием и щынальэр зэгъуэсэу хьумэнымкIэ, апхуэдэуи зауэм и зэранкIэ къэралым иIэпхъуклаxэм къегъэгъэзэжыным хуэзэнэтIа лэжьыгъэ пыщIыкIахэр ираГэкIуэкIынымкIэ. КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щытепсэльыхьащ экстремист, террорист щIэпхъаджащIэхэм зэрапэщIэтыну хэкIыпIэхэми.

Тырку Республикэм зыхъумэжныныгъэмкIэ и министр Акар Хулуси къыхигъащащ щынальэм мамырыгъэ щыIэн папщIэ Анкара хуэзфIэкI псори зэрилажьэныр икIи ар зэгъэзэгъащ Сирием и щхьэхуитныныгъэр дэкъуэзнымкIэ зы Iэхуэ зэрымиГъэкIуэкIынур.

Тхыльыщ1эр хъэзырщ

Зауэ Iэхуэ хэхэм теухуа Iыхьэхэр хэту, 11-нэ класым щеджэжэм папщIэ зэхагъэува учебникыщIэр хьэзыр хъуащ. НэхъапэкIэ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм хъыбар кьитауэ щытащ 2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм ахэр IэнатIэм кьыщагъэсэбэпэну зэрыщIадзэнур, зауэ Iэхуэ хэхам и лIыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэр абы зэритынур.

- Учебникыр яГъэхьэзыращ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу, къэрал, политикэ лэжьакIуэ Мединский Владимиррэ МГИМО-м и ректор, тхыдэдж, политолог Торкунов Анатолийрэ. Мыгувэу хьэзыр хъунущ 10-нэ классхэм папщIэ тхыльри. ТхыдэмкIэ зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зауэ Iэхуэ хэхам и теухуа упщIэхэр.

Ахэр щыхагъэхьэнур урысей школ псоми тхыдэ учебникыщIэмкIэ еджэн щIадза нэужьщ», - жиIащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, зауэ Iэхуэ хэхар егъэджэныгъэ Iэхуэщ1апIэхэм гупльыгъэнщэу къыщагъэнакъым. 2022 гъэм и фокIадэ мазэм щегъэжьауэ Урысейм и курыт школхэм блыщхэ къэс «Мыхьэнэ зиIэ псалъэмакъхэр» фIэщыгъэм щIэту дерсхэр щрагъэкIуэкI.

Мэлыжьыхьым и 27, *махуэку*

♦ **Урысей парламентаризмэм и махуэщ.** 1906 гъэм щыщIидзащ Урысейм и Къэрал Думэм.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхэуэ Басир.**

♦ **1958 гъэм** къалъхуащ шэрджэс политик, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Къэзанокъуэ Руслан.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр мазхуэм гращ 19 - 20, жэщым градус 10 - 14 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 28, *мэрем*

♦ **Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ** «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэхэм я махуэщ.

♦ **Химие щынагъэншагъэм и махуэщ**

♦ **1874 гъэм** къалъхуащ Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъу-пхъурылъхуэ 3 зыгъэкIуа щапсыгъ анэ **Щхьэлахъуэ Чэбэхъан.**

♦ **1902 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **ДыщэкI Мухьэмэд.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр мазхуэм градус 19 - 20, жэщым градус 13 - 14 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар

ЩХЬЭЩЭМЫЩI И1ЭЩ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи дзэлыфэ кьыпхуэзытI псори ныбжьэгъуэкIым.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Тхыдэм дерс хахыпхъэт...
Курск деж къыщахьа текIуэныгъэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу

Иужь зэманым куэдрэ зэхыдох зауэ Iуэху хэхам хэтхэм къебгъэрыкIуэну зызыгъэхьэзыр украин нацистхэм Гитлер IэщIэкIа щыуагъэм къытрамыгъэзэжыну КъухьэпIэм щыщхэм чэнджэщ къызэрыратыр. Дауи, мыбы фэрыщIыгъэ хэлъщ. Япэрауэ, ебгъэрыкIуэныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зыгъэхьэзырыр США-р зи унафэщI езы НАТО-рщ. ЕтIуанэрауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, абы апхуэдэу зыхуагъэхьэзыр ар зыхуэгъэзахэми. Аращи, а «чэнджэщхэр» нэхъыбэу зэхьэлIар, я мурадыр къаймыхъулIэмэ, езыхэр хейуэ хэкIыу, къуаншагъэ псори зытралъхьэн къагъуэтынырщ. Дауи, ар Украинэм и президент Зеленскэрщ.

Ауэ сыт хуэдэ щыуагъэ ди жагъуэгъу политикхэм зи гугъу ящIыр икIи ар етIощIанэ лIэщIыгъуэм и цIыху нэхъ бзаджэнаджэ дыдэу къалъыта Гитлер щхьэ хуэгъэза? А упщIэм и жэуапым дэ дыхуешэж илъэс 80 ипэкIэ, 1943 гъэм и гъэмахуэм, «Курская дуга» фIэщыгъэмкIэ тхыдэм хыхьа зауэшхуэм Дзэ Плъыжьым къыщихьа текIуэныгъэм.

... Сталинград деж хьэлэчу щыхагъэщIа иужь, нэмыцэ зауэлIхэм я лъэр щIэхуат, ягухэр иуда хъуат. Абыхэм гушхуэныгъэ халъхьэжын папщIэ фашистхэм абы ещхь текIуэныгъэ гуэр къахьын хуейт. Ари фIэкIыпIэ имыIэу СССР-м и щIыналъэм хуэззэу. ЩIыпIэр къыщыхахащ Орёл, Курск, Белгород областхэм я зэхуакум. 1943 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м Гитлер итхыгъащ: «Зэхэуэр псынщIэу иухын хуейщ дэ дытекIуауэ. Курск деж къыщытхьыну текIуэныгъэр ди лъэщагъым и дамыгъэу дуней псом щыувынущ». Ар псом хуэмыдэу зыщыгугъыр вермахтым ярита «Тигр» танкыщIэ дыдэрт, абы къилъытэрт а Iэщэ лIэужьыгъуэр къэзыгъэувыIэфын къару а зэманым щымыIэу.

ЛъэныкъуитIри гъэмахуэм пэплъэрт. Зэхэуэхэр мащIэ хъуат. Фашистхэм я мурадт Дзэ Плъыжьыр къаухъуреихьу танкхэмкIэ зэхапIытIэну, иужькIи Москва къеIэну. Гитлер унафэ ищIащ ебгъэрыкIуэным замыгъэгувэу щIадзэну. Генерал-фельдмаршалхэу Манштейн Эрихрэ Модель Вальтеррэ ар яфIэпасэт: зауэшхуэр зытраухуа щIыпIэм деж нэмыцэхэм къарур къащемэщIэкIырт, ауэ совет зауэлIхэм къратыну жэуапыр узижагъуэну къыщIэкIынут. Модель, уеблэмэ фюрерым иригъэлъэгъуащ Дзэ Плъыжьым игъэбыда щIыпIэхэм траха сурэтхэр. АрщхьэкIэ Гитлер IэубыдыпIэншэт: ар щыгугъырт ищхьэкIэ щыIэ къару гуэрым, ар къыдэIэпыкъуным. Мис аращ и щыуагъэу иджы ираудэкIыжри. Пэжу, щебгъэрыкIуэну пIалъэр ягъэIэпхъуащ, арщхьэкIэ мурадым къыпыкIакъым. Генерал Гот къыхилъхьэри, танкыдзэр Прохоровкэ щIыпIэм ягъэIэпхъуащ, абдеж щытафэти, СССР-м и къарухэм удынышхуэ къыщрадзыфынут.

Фашистхэм я штаб нэхъыщхьэм хуабжьу егугъуу зигъэхьэзырырт, псори зэпилъыт хуэдэт. Къащыгъупщар зы закъуэт: абы ич дэтхэнэ лъэбакъуэми сакъыу кIэлъыплъырт совет дзэзешэхэр. Дыдейхэр щыгъуазэт Курск деж къыщезэуэну нэмыцэхэм зэрамурадым. Абы щыхьэт техъуащ тIасхъэщIэххэри, къалэм и гъунэгъуу бийм къаруушхуэ зэрызэщIигъэуIуэм теухуауэ партизанхэм къат хъыбархэри. Хэбгъэзыхьмэ, сыхьэтыр къэгъэнауэ, къыщеуэну дакъикъэри къащIат. Арати, псори екIуэкIащ вермахтым и штабым зэримыгугъам хуэдэу.

Нэмыцэхэм къебгъэрыкIуэу щIадзащ 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м. Абы сыхьэтитIкIэ ипэ къихуэу советыдзэм и топышэхэм щIыр ягъэзджызджу хуежьащ. Ахэр апхуэдизкIэ зэщIэгъэуIуат, икIи, лъэщти, фашистхэр зыпэмыплъауэ къыщIэкIащ. Вермахтым и генералхэм зэуэ къагурыIуащ я мурадыр къызэрызэпаудар. Абыхэм къахуэнэжыр ебгъэрыкIуэныр ягъэувыIэу захъумэжыным яужь ихьэнырт. Апхуэдэ дыдэ къыщыхъуащ Белгород-Обоянь унэтIыныгъэми. Манштеин и корпусым унафэ хуищIащ Прохоровкэ кIуэцIрыкIыу Курск хуэкIуэну. Абдеж щызэIущIащ дыдейхэмрэ бийхэмрэ я танкхэр. Фашистхэр ди щIытIхэм къахуэкIуэрт, «Тигр» шынагъуэхэр япэ иту. Абыхэм къакIэлъыкIуэрт «Пантера»-хэмрэ нэхъ техникэ псынщIэмрэ. «Тигр»-хэм япкъхэр апхуэдизкIэ Iувти, ди топышэхэм пхраудыфыртэкъым, метрищэкIэ гъунэгъу къэхъуми. Мис ар ефIэкIыныгъэт! АрщхьэкIэ гъэщIэгъуэнщ - абыхэм япимыкIуэту къыщIэкIащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и танк нэхъыфIу иужькIэ къалъыта ди «Т-34»-хэр. Абыхэм зэуапIэ губгъуэм тыншу зыщагъазэрт, зегъэкIуэгъуафIэт, къутами, псынщIэу пхузэгъэпэщыжырт. ИкIи, дауи, «Тигр»-хэмрэ «Пантера»-хэмрэ лъэпощхьэпо бзаджэу къахущIэкIащ лагъымхэр куэду зыщIатIа губгъуэр, совет бомбэзехьэхэм традзэ удынхэр. Ахэр апхуэдизкIэ гуащIэти, уазэрыпэлъэщын щыIэтэкъым. Зыри жамыIами, Дзэ Плъыжьым куэдкIэ нэхъыфIу зигъэхьэзырауэ къыщIэкIащ. Зэхэуэхэр нэхъ гуащIэу щыщыта бадзэуэгъуэм и 12-м и закъуэ бийхэм яфIэкIуэдащ танк 300-м щIигъу. Иджы ебгъэрыкIуэр ди къарухэрт, фашистхэм захъумэжырт. Совет фронтитхури жыджэру Iуэхум хэтт. Абыхэм хуит къащIыжащ Орёл, Белгород, Харьков къалэхэр. А ехъулIэныгъэшхуэм и саулыкъукIэ, Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ япэ салютыр Москва щатауэ щытащ.

Фашистхэм Прохоровкэ яубыдыфакъым, советыдзэхэм я къарухэр пхатхъыфакъым. КIэщIу жыпIэмэ, я мурадам щыщу зыри къайхъулIакъым.

Сталинград хуэдэуи, совет зауэлIхэм мыбдежми къыщагъэлъэгъуащ псэемыблэж хахуагъэ. Абы и щапхъэхэр гъунэжщ. Топым и унафэщI Борисов Михаил къихутащ «Тигр» шынагъуэм и щIагъымкIэ гъущIыр зэрыщынэхъ пIащIэр икIи нэхъ зэрыпхыудыгъуафIэр. Абы хузэфIэкIащ апхуэдэ танки 7 икъутэн. Борисовым и бгъэм ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэр къыхалъхьащ икIи щымыгугъауэ, Сталиныр, Черчилль, Жуковыр, Молотовыр, Левитан сымэ, нэгъуэщIхэри я гъусэу ихуащ Гитлер езым и бий нэхъ кIэуфIыцIхэр зритхэ тхылъым. Борисовым хуэдэхэр къикIуэтынутэкъым. Лейтенант нэхъыщIэ Деревянкэ Алексей, танки 4 зыкъутам, и Iыхьлыхэм яхуитхырт: «Ди бийхэр бзаджэщ, зауэр гущIэгъуншэщ. ЗэвгъащIэ, саукI хъужыкъуэмэ, сэ лIыхъужьу фIэкIа си псэр стынукъым!?»

Курск къэухъуреихьыныгъэ никъуэм иужькIэ зыми шэч къытрихьэжакъым къару бзаджэнаджэм - фашизмэм - и бгыр зэрызэпаудынум.

АрщхьэкIэ нацизмэм и къуэпсхэр гъущакъым. Апхуэдиз илъэс дэкIа иужь ахэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къыщыдэжыжащ ди гъунэгъу Украинэм. Дауи, КъухьэпIэ зэкъуэткIэ зэджэжыр дэмыIэпыкъуамэ, ар къызэфIэувэнутэкъым. Иджы нэгъуэщIым и жыIэм щIэувэну хуэмей Урысейм къыпэщIэтщ къару зэхэдзэкIэ. Вашингтонщ иужь зэманым мыувыIэу зи гугъу ящI ебгъэрыкIуэныгъэр зи унафэ щIэту ягъэхьэзырри, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа чэнджэщхэр къызыбгъэдэкIри. АрщхьэкIэ, зэрытлъагъущи, тхыдэр щыхьэт тохъуэ апхуэдэ бзаджэнаджагъэхэм гъуэгу зэрамыгъуэтым. Курск и щапхъэм и закъуэ ирикъунщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

• Сатыр зыбжанэкIэ

Хъыджэбз цIыкIумрэ Сталинымрэ

Сталин Иосиф и секретару илъэс куэдкIэ щыта Поскребышев Александр и деж зэгуэр Кремлым псэлъащ ипхъу цIыкIу школакIуэр. Ауэ телефоныр къэзыщтар езы Сталинырщ.

- Ар папэкъым, - иритыжащ жэуап. - Сэ зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъуфыну?

- Унэ лэжьыгъэу къызата есэпыр схуэщIыжыркъым.

- КъызжеIэт.

ИужькIэ ахэр щысащ а есэп гугъур ящIыжу: бжьамийм псы кубометру зы сыхьэтым сыт хуэдиз илъадэми, сыхьэтитIым, иужькIэ сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 30-м къриубыдэу ижыжыр зэрыхъури къахутэу. Зэгъусэуи пэлъэщауэ жаIэ.

Япэу Iэмал зэрагъуэту

Пащтыхь Александр Ещанэм жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Урысейм къыкъуэтыр тIу къудейщ: къэзыгъэпэжыну дзэмрэ флотымрэщ». Абы куэд щыгъуазэщ, ауэ дыщIигъужа псалъэхэр зыщIэр мащIэщ: «Адрей псори къытпэувыжынущ, япэу Iэмал зэрагъуэту».

Уи пщIэр зэлъытар

Франджы революцэм хэлIыфIыхьа литератор Мирабо фIыуэ илъагъуртэкъым щытхъу. Зыгуэрым абы къыжриIащ:

- Уэ езыри ухущIокъу пщIэ зыхуебгъэщIыну, пэжкъэ?

Мирабо мыпхуэдэ жэуап иритащ:

- СыхущIэкъуркъым. Сэ си щхьэм пщIэ хуэсщIыж къудейщ, абы къыхэкIыу пщIэ къыщысхуащIи къохъу.

Ягъэ кIынукъым

СССР-м и Iэтащхьэ Хрущёв Никитэ Азие Курытым кIуауэ лIыжь гупым яхыхьащ:

- Сэлам гуапэ фызох, ныбжьэгъу лъапIэ саксаулхэ! (Саксаулыр пшахъуэщIым къыщыкI удз быдэщ, банэхэр тету. Махъшэм фIэкIаи нэгъуэщIым ишхыркъым - *ред*).

«Саксаулхэкъым, жыпIэн хуеяр, Никитэ Сергеевич, атIэ аксакалхэщ», - щэхуу къыжриIащ абы и гъусэхэм ящыщ зым.

- Ягъэ кIынукъым, - къыфIэIуэхуакъым модрейм. - ТIум щыгъуэми, къагурыIуэнутэкъым.

Хрущёвым къэралыр зыхуишар

Дэ, а зэманым школакIуэхэм, СССР-м и Iэтащхьэу илъэси 10-м щIигъукIэ щыта (1953 - 1964 гъ.гъ.) Хрущев Никитэ и лъэхъэнэр дигу къызэринэжар мыпхуэдэ псалъэхэмкIэщ: «Партым гушхуэныгъэ хэлъу жеIэ: совет цIыхухэм я иджырей щIэблэр коммунизмэм щыпсэунущ!» Дауи, ар зищIысыр, ди мызакъуэу, балигъхэми къагурыIуащэртэкъым, ауэ ди нэгу къыщIэдгъэхьэну дыхущIэкъурт мыгувэу, 1975 гъэр къэсмэ, таурыхъым хуэдэ дуней гуэрым дыкъыщыхутэну, ди гъащIэм зэуэ зыкъызэридзэкIыну. Ар тынштэкъым иджыри къэс, нэгъуэщIым и гугъу тщIынкъыми, вакъэ екIу лъызымытIэгъа ди дежкIэ. АрщхьэкIэ, итIани...

Ар къэрал абрагъуэм и цIыхухэм я щхьэхэр зэрикудэ пцIыуэ зэрыщытыр сэтей къыщыхъуар иужькIэщ. Ауэ абы щыгъуэми тлъагъурт жаIэхэмрэ Iуэхухэм я щытыкIэмрэ куэдрэ зэрызэщхьэщыкIыр. ИкIи кIуэ пэтми я зэхуакур нэхъ ин хъурт. Апхуэдэурэ екIуэкIащ 1964 гъэм и бжьыхьэр къэсу «япэ марксист-ленинцыр» и къулыкъум трахуху. Ауэ ар къэмыс щIыкIэ зэIищIамрэ зэхигъэзэрыхьамрэ апхуэдизкIэ куэдти, уеблэмэ, илъэс зыкъом дэкIами, тэмэму яхузэхэхыжакъым. Маркс Карлрэ Ленин Владимиррэ я лэжьыгъэхэм Iыхьэ гуэрхэр къыхихкIэрэ абы и гугъащ ахэр я гъуазэу сыт хуэдэ лъагапIэми лъэIэсыфыну. АрщхьэкIэ ахэр щатха зэманымрэ иужькIэ дунейм щызэфIэува щытыкIэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, IуэхущIафэ псори иджырей лъэхъэнэм егъэкIун зэрыхуейр къыгурыIуакъым. Арати, коммунизм доухуэ жиIэурэ социализмэм и лъабжьэр щIитIыкIащ. Властыр пэрыуэншэу Iэрыхьа иужь Хрущевым 1957 гъэм СССР-р хуигъэкIуэжащ совет властым и япэ илъэсхэм щыIауэ щыта совнархозхэм. Зэуэ союз, республикэ министерствэ псори зэхуищIыжри, лэжьыгъэхэр зэщIагъэуIуэн папщIэ цIыхубэ хозяйствэм и совету щэхэр къызэригъэпэщащ. Ахэр псори зэкIуэлIэжыр ЦIыхубэ хозяйствэм и Совет Нэхъыщхьэрт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ищхьэкIэ къикI унафэм къыщIэкIа щIыпIэ къулыкъущIэхэм езыхэм я щIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъхэм фIэкIа зэрамыхуэж хъуащ. Iуэхухэр кIэрыутIыпщ щыхъум, кIэлъыплъакIуэхэм я бжыгъэм хигъэхъуащ, ауэ абыи къикIа щыIэкъым. ИтIанэ совнархозхэр зэхагъэхьэжри, нэхъ ин ящIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зыри хуэмеиж хъуащ иджыри къэс я Iэщхьэхэр дэхьеяуэ лэжьа куэдым. Апхуэдэ щытыкIэ зэIумыбзыр щагъэкIуэдыжыфар езыр трагъэкIа иужькIэщ.

КПСС-м и тхыдэмкIэ дощIэж пролетариатыр пэрыту, унэтIакIуэу зэрыщытар. Хрущев Никитэ мурад ищIащ ар IуэхукIэ къигъэлъэгъуэну: щхьэгъубжэхэр хэзылъхьэ пхъащIэ къызэрыгуэкIым куэдкIэ нэхъыбэ къилэжь хъуащ. щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ инженерым нэхърэ. Мыпхуэдэ щытыкIэ (ар Хрущевым иужькIи илъэс IэджэкIэ щыIащ) къэхъурт: фIыуэ лажьэ, дагъуэншэу зи къалэнхэр зыгъэзащIэ рабочэр ягъакIуэрт IэщIагъэхэм щыхагъахъуэ курсхэм, къиуха иужь мастеру ягъэувырт. Ауэ абы и улахуэр хуэдитIкIэ, уеблэмэ, щIигъукIэ нэхъ мащIэт рабочэу щылэжьам къыIэрыхьэу щытам елъытауэ.

АрщхьэкIэ апхуэдэу я Iуэху къикIакъым пролетариатым и гуэгъу пэжу къэгъуэгурыкIуэ мэкъумэшыщIэхэм, зыкъомрэ Хрущев Никитэ къуажэдэсхэм ялъэIэсыну хущIыхьакъым. Япэ игъэщын хуей Iуэхухэр гъунэжти, псори зэрыщытам хуэдэурэ екIуэкIащ: колхозхэм я деж гъавэр къызэрыщащэху уасэхэм заIэтырт, абыхэм хуагъэгъурт къатехуэ щIыхуэхэр, уней мылъкум налогхэр тралъхьэртэкъым. АрщхьэкIэ хущIыхьэгъуэ зэрихуэу, тетыгъуэр зыIыгъым зэуэ игу къэкIыжащ мэкъумэшыщIэр мылъкумкIэ зэреплъэкIым теухуауэ марксизм-ленинизмэм и классикхэм жаIауэ щытахэр. АтIэ а хьэлыр зыхегъэнэн хуейтэкъэ?!

1956 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м дунейм зэуэ къытехьащ дэфтэритI. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ налогхэр Iэщ зезыхуэ къалэдэсхэм тралъхьэу щIадзащ, а Iэщыр зыхуэдизым тещIыхьауэ дэкIуейуэ. Правительствэм къыдигъэкIа унафэм хуит ищIыртэкъым тыкуэнхэм къыщащэхухэр Iэщымрэ джэдкъазымрэ ирагъэшхыу. ИужькIэ «къабзагъэм и хьэтыркIэ» къалэхэм Iэщхэр щаIыгъ мыхъуну ягъэуващ. Абы щыгъуэми, къуажэдэсхэм къалэн щащIат лыхэкIхэр пуду къэралым иращэну. Мыбдежым ауэ жыжьэуи къыщалъытэртэкъым, къарум и гугъу тщIыххэнкъыми, Iэщ зехуэным текIуадэр зыхуэдизыр. Арати, псэущхьэхэр яхуэмыIыгъыжу яукIыу щIадзащ. ЯпэщIыкIэ бэзэрхэр лыкIэ щIагъэнащ икIи пудыбзэ хъуащ, ауэ ар зэрызэтекIыу абы и мызакъуэу, гъэшри тхъуцIынэри хуабжьу къаймэщIэкIыу хуежьащ. Мис апхуэдэу Хрущев мэкъумэшыщIэхэм захригъэнащ я «хьэл» мыгъуэр.

Властыр къанэ щымыIэу зыIэщIыхьар зыми едаIуэртэкъым: абы жиIэ закъуэрат пэжыр. НэгъуэщI Iей псоми къадэкIуэу, щхьэзыфIэфIагъкIи игъэкъуэнша Сталиным и щапхъэр абы и дежкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, хьэрэмт. Зэгуэр вождри хущIэкъуат колхозхэм налог лей ятрилъхьэну. Ар имыдэу къэуващ финанс-хэмкIэ министр Зверев Арсений. Партым и ЦК-м къыщызэрагъэпэща комиссэр Iуэхум хэплъащ, псори зэпишэчу. ИужькIэ Сталиным Зверевыр захуэу къилъыта къудейкъым, атIэ, уеблэмэ унафэ ищIащ къуажэдэсхэм налогхэр Iыхьэ щанэкIи хуагъэмэщIэну. Хрущевым комиссэхэр къызэригъэпэщыртэкъым езым фIэкъабылыр пхигъэкIын папщIэ. Мис ипэрейм зыкIи емыщхь нэгъуэщI зы щапхъэ.

И хьэмтетыгъуэу, Никитэ Сергеевич щалъхуа къуажэм кIуэжат лъагъунлъагъу. Яхэтащ, яхэпсэлъыхьащ, апхуэдэхэм я деж зэрыхабзэм тету. ПэмыплъэххауИ, къыщищIащ гъэщIэгъуэн щыхъуа гуэр: а къуажэм щыпсэухэм жэм зэрахуэжыртэкъым, ахэр колхоз фермэм щаIыгът. Гъэшхэни, къэшыни хэтыжтэкъым, хэкIыпхъэр хэгъэкIауэ гъэш къратырт. СССР-м и унафэщIым ар зэуэ игу ирихьащ икIи абдеж къыщилъэгъуащ езым апхуэдизу и нэр къызыхуикI коммунизмэр къэзыгъэблагъэ нэщэнэ гуэр. Дауи, егупсысащ а хабзэм къэрал абрагъуэм щытехьэныр къезэгъыу зэрыщытым. ЖиIа къудейт «Iущагъышхуэ зыхэлъ а жэрдэмыр», и блыгущIэтхэм уэру къыщапхъуэтам.

Арати, жэрдэмыр IуэхукIэ щIыпIэ-щIыпIэхэм щыщIагъэбыдэу щIадзащ. ЯпэщIыкIэ къагъэдэIуэну хэтащ мыбы фIыуэ хэлъхэр ягъэвууэ. АрщхьэкIэ къуажэдэсхэр зэрехьэжьэ-зэрежажьэхэм зэращымыщыр къалъытакъым. Абы щыгъуэми, адрей Iэщхэм яхуэмыдэу, жэмым мэкъумэшыщIэм и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щиIыгът. Ар зиIэ унагъуэр къулейсызхэм хабжэртэкъым, езыри унагъуэм щыщым хуэдэу фIыуэ ялъагъурт. Си щхьэкIэ си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым Iуэм дызэрихьэу ди Iэпэхэм къебзей ди жэмыр нэгъуэщI щIыпIэ щыIэну. ПцIыупс сыхъунт, бор къэстхъуным, щIымахуэ уаем «мамыжьыр» псафэ схуным си нэхэр къыхуикIыу жысIэмэ, арщхьэкIэ дызэса Iуэхути, къыстехьэлъэжыртэкъым. Дауи, адрей си ныбжьэгъухэри арат. Иджы, мис, ттрах. Абдежырауэ къыщIэкIынущ властым илэжьхэми ущIэмыарэзы къыхэкIынкIэ зэрыхъунум япэу дыщегупсысар. Хьэлэбэлыкъ къикIащ, языныкъуэ щIыпIэхэм залымыгъэ щызэрахьащ. Ди насыпти, а хабзэм гъащIэшхуэ имыIэу къыщIэкIащ.

Хрущевым мыхъумыщIагъэу илэжьар апхуэдизкIэ куэд мэхъури, зы тхыгъэм къыщыпхуебжэкIынукъым, ахэр экономикэм и закъуэ фIэкIа темыуахуами. Къуажэдэсхэм ирадза нэгъуэщI зы удыным и гугъу тщIынщ - ар я уней хадэхэр нэхъ цIыкIу зэращIарщ. Iэтащхьэм къилъытэрт колхозым фIыуэ зэрыщылэжьэну къару хадэшхуэ зиIэм къыхуэмынэжыну. Ауэ дэнэт здэкIуэр а хадэшхуэм кърихыр?

Апхуэдэу щыхъум кIэрыхуащ унагъуэхэм я деж къыщащэхуурэ ягъэхьэзыр ерыскъыхэкIхэм. Иджы а удыныр зыхуэгъэзар кооперацэрт. Сталиным и зэманым кооперативхэм увыпIэшхуэ щаубыдырт къэралым и гъащIэм. Езыхэм яфIэфIу къызэрагъэпэща а зэгухьэныгъэхэм къэралым и цIыхухэр зыхуей-зыхуэфIхэм я зэхуэдитIыр, уеблэмэ нэхъыбэр къалэжьырт. Апхуэдэ IуэхущIапIэхэм къэралым и бюджетым ахъшэшхуэ халъхьэрт, налог теплъэхэр яIэу. Хрущевыр апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм ятеплъэ хъуртэкъым. Пэжщ, «кооперацэ» псалъэм Ленин Владимир и лэжьыгъэхэм увыпIэшхуэ зэрыщаубыдым къыхэкIыу, апхуэдэ зэгухьэныгъэхэр игъэкIуэдыжыфакъым и кIэм нэсу, ауэ налогхэмкIэ итхьэлащ. ЗэрыкупщIэншэхэм я мызакъуэу икIи зэраныгъэ ин къэзышэ а реформэхэм къэралым и зыужьыныгъэр къызэтрагъэувыIащ. Абы къерикIуа псори дэ тхужыIэнкъым, ди жагъуэ хъууэ къыхэдгъэщын къудейщ мис а Хрущев Никитэ и зэманым СССР-м нэгъуэщI къэралхэм я деж япэ дыдэу гъавэ къыщащэхун зэрыщIидзар. Зэвгъэпщэн папщIэ: иджы Урысейм езым къэрал куэдым гуэдз ярещэ. Мис аращ Iуэху зехьэкIэм псори щIелъытар.

Дыдейуэ дызыщымыгъуазэ

• Тхыдэ

Ди тхыдэм теухуауэ къыдэкI дэтхэнэ тхыгъэри тхылъри дэркIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, ди блэкIам фIыуэ дызэрыщымыгъуазэм тепщIыхьмэ. ЗэрытщIэжщи, апхуэдэ тхылъхэр дунейм куэду къытехьэ щыхъуар иужьрей илъэс 30-м къриубыдэущ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, япэу адыгэ хабзэм и дахагъэр къэзыгъэлъэгъуа еджагъэшхуэщ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий. Адыгэ хабзэм теухуауэ абы итхахэр къыдагъэкIын шынэу щытащ тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэр икIи обкомым идеологиемкIэ и секретару лэжьа ШэджыхьэщIэм и унафэ хэлъащ дунейм тхылъыр къытехьэным. А Iуэхур нэхъ тынш зэрыхъуар хъарзынэщ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэлI нэхъыжьу лэжьа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мэрзей Аслъэнбэч и къалэмыпэ къыщIэкIа тхылъышхуэрщ фызыщызгъэгъуэзэнур. Ди тхыдэм и пэжымрэ лъэпкъым къигъэщIа хабзэ телъыджэхэмрэ кууэ япэу хэIэба Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и щапхъэр гъуазэ зыхуэхъуахэм ящыщщ а щIэныгъэлIыр. Тхыдэтххэр СССР-м и лъэхъэнэм тыншакъым: пэжыр ящIэу, архивхэм къыхаххэр къагурыIуэу, ауэ ятхыну хуимыту екIуэкIащ. Ятхын хуей хъуми, парт унафэщIхэм я Iизынышэу традзэныр къемызэгът. Зэманыр ипIэ иткъым. Мы дунеишхуэр цIыхумкIэ гъэунэхупIэу зэрыщытыр хьэкъщ. Урыс-Кавказ зауэм и ужь куэд дэмыкIыу цIыхубэр къызэрыIэтащ. Революцэм щыгъуэ бжьыпэр зыубыдахэм ящIэ псори цIыхубэм и сэбэп зыхэлъ хуэдэу ягъэIуащ. Зи гупсысэ жыжьэ нэмысхэм а псор я фIэщ хъуауэ лей зезыхьэм дэIэпыкъуащ. Лей зэрызэрахьэр къызыгурыIуахэм я жыIи зэхахакъым, уеблэмэ Iуэхур тэмэму къазэрыгурыIуэм текIуэда мыхъумэ. Ди лъэпкъми урыс пащтыхьым кърищIылIа зауэм къыхуихьа тхьэмыщкIагъэхэр щIахъумэу илъэс куэд екIуэкIащ, пэжыр цIыхубэм ямыщIэу. ПащтыхьымдыхьэкIэкхъуэкIэу зэригъэIуар дэ, езы лъэпкъми, ди фIэщ ищIыжауэ пхужыIэнущ. А псор хэплъэгъуэщ езы лъэпкъым дежкIэ, сыту жыпIэмэ, деджауэ щIэныгъэ диIэми, къыдгурыIуэркъым, емыгупсысри мащIэкъым лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэн папщIэ ди блэкIар, ди зэхэтыкIар дахэу зэрыщытар тщIэн зэрыхуейм. А Iуэхум теухуауэ ди тхыдэтххэм иужь зэманым къыдагъэкIа тхылъхэмрэ къытрагъэдза тхыгъэхэмрэ уасэншэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Сокъур Валерэ, Къэжэр Валерэ, Мэрзей Аслъэнбэч, Къармэ Руслан, нэгъуэщIхэми я къалэмыпэ къыщIэкIахэр. Адыгэ лъэпкъ тхыдэм кууэ хэIэбэфауэ къысщохъу зи цIэ къисIуа щIалэхэр. Мэрзей Аслъэнбэч и тхылъышхуэ иджы дыдэ дунейм къытехьамкIэ згъэзэжынщи, куэд къэзыIуатэщ икIи кууэ зэпкърихауэ плъытэ хъунущ 18 - 19-нэ лIэщIыгъуэхэм диIа зэхэтыкIэр.

Мэрзей Аслъэнбэч иджы дыдэ къыдигъэкIа «Генезис и эволюция традиционной военной культуры черкесов» тхылъым къаруушхуэ ирихьэлIащ. Езы тхылъри ин дыдэщ. Куэд къызэщIеубыдэ. Ар фIыуэ хоIэбэ курыт лIэщIыгъуэхэм ди лъэпкъым и псэукIам. Ипэ сищынщи жысIэнщ - уи щхьэ лъагэу щIэплъагъужын щапхъэ куэд итщ тхылъым. Ди адэжьхэм зэхэтыкIэ дахэ зэраIар IупщIу къегъэлъагъуэ, ауэ жиIэ къудей мыхъуу, нэрылъагъу пщещI лъэпкъыр зыр адрейм пщIэ хуищIу, цIыхур зэрыцIыхур илъытэу зэрызэдэпсэуар. А псори сэ мы тхыгъэ мащIэм схуигъэхуэнкъым, ауэ сигу нэхъ зыхьэхуар е нэхъ сигу къеIар жысIэнщ.

Лъэпкъыжьщ адыгэхэр, илъэс минитху, миних нэхъыбэ зи ныбжьхэм ящыщщ. Мэрзейм къиштэр ди эрэм и курыт лъэхъэнэрщ. Адыгэхэр Азиемрэ Европэмрэ я зэхуаку диубыдэ Кавказ щIыналъэм исщ. Ар абыхэм я гъуэгу зэблэкIыпIэу зэрыщытым къыхэкIыу я щIыналъэр яхъумэжын хуейуи къахудокI. ЩIэныгъэлIым узыхуишэ гупсысэр хьэлэмэтщ. Псалъэм папщIэ, Аслъэнбэч къиштэр зекIуэлI Iуэхурацщи, абыкIэ зэпкърыхауэ дегъэлъагъу лъэпкъ гъащIэр. АдыгэлIымрэ адыгэшымрэ апхуэдизу зэхэшыпсыхьащи, зым и закъуэкIэ я дуней тетыкIэр уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым. Ар фIыуэ къиIуэтащ щIэныгъэлIым. Къащтэ зауэлIыр, ар къызэрыгуэкI цIыхуу къэралыдзэм хэту, къэрал унафэ игъэзащIэу псэу цIыхукъым. АдыгэлIыр цIыху щхьэхуитщ, хэкур зэрихъумэжыным езым и гупсысэкIэ, и Iуэху зехьэкIэ хуиIэжу. ГъэщIэгъуэнщ: хамэ къэралхэм къикIыу зыплъыхьакIуэ, тIасхъэщIэх, сатуущI е нэгъуэщI мурадкIэ къэкIуами, ялъагъуу яIуэтахэр зэтохуэ. Адыгэхэр цIыху гу къабзэщ. Европэмрэ Азиемрэ щыпсэухэм я гъуэгу зэблэкIыпIэу, я зэпыщIапIэу Кавказыр зэрыщытыр къагуроIуэри, абыхэм зэран яхуэхъуркъым, атIэ щапхъэ телъыджэхэр ирагъэлъагъу. Къэтщтэнщ, хьэщIэщ, хьэщIагъэ жыхуаIэр. ХьэщIэщым теухуауэ куэд ятхауэ щыIэщ. Щыгъуазэм и насыпщ. Кавказым щызекIуэ дэтхэнэми итхар зыщ - адыгэхэм я хэкум уихьа нэужь шынагъуэ щымыIэу узэрыщызекIуэрщ. Абыхэм ягу мыныкъуэжу а щIыналъэм хуиту щыбауэрт. ШынэртэкъымяхъунщIэнкIэ, яукIынкIэ, атIэ ар хьэщIэу ябжырти, абы зыгуэр къыщамыгъэщIын папщIэ, уеблэмэ езыхэм я щхьэр халъхьэну хьэзырт. Курыт лIэщIыгъуэхэм хэпсэукIа ди адэжьхэм я тхыдэр къыщигъэлъагъуэкIэ, ар блэкIыфынутэкъым Урыс-Кавказ зауэми. Абы щыгъуэми адыгэлIым зауэр къигъэсэбэпкъым хьилагъэ хилъхьэу, сыт хуэдэ Iэмалри къэбгъэсэбэп хъунуи къилъытэхэркъым. ЗыпэщIэт биймя и сэлэтыр бэлэрыгъауэ иукIыркъым, ар Iэщэншэмэ, еIусэркъым. Зауэ хабзэми лIыгъэрэ напэрэ зэрыщыIэн хуейр и гъащIэм и купсэщ. Ар ди щIэныгъэлIхэм къагупсысакъым, атIэ ятхыжащ езы бийхэм. Апхуэдэ тхыгъэ телъыджэхэри зы цIыхукъым зытхауэ тхылъым къыщигъэлъагъуэр. Ар я къалэмыпэ къыщIэкIащ Урысейм и дзэм хэта генералхэм, хамэщI къикIа тIасхъэщIэххэм, зыплъыхьакIуэ къэкIуахэм, дипломатхэм. Абыхэм ятеухуа щапхъэри мымащIэу итщ тхылъым.

Зауэр зауэщ, абы сыт хуэдэ Iэмалри къыщыбгъэсэбэп хъуну ялъытэ куэдым. Къапщтэмэ, генералхэм къагъэсэбэпа Iэмалхэр адыгэлIым и щхьэ трилъхьэнкIэ Iэмал щыIакъым. Абыхэм мэкъумэшыр, мафIэ щIадзэурэ, ягъэсырт. Къэзакъыдзэхэр хаутIыпщхьэурэ зэхрагъэутэрт, зыри мыхъужыну. Iэщым хуагъэтIылъа мэкъумылэри ягъэсырт. Губгъуэм хъуакIуэу ит лажьэ зимыIэ, зи бзэ мыпсалъэ Iэщхэри зэтраукIэрт. Уз зэрыцIалэ нэгъунэ къыхаутIыпщхьэрт.

ЗэуэкIи ящIэрт адыгэхэм. Адрей къэралхэм хуэдэу дзэ хэха яIэтэкъым. Урысейм и дзэм хэтхэр Iэмалыншэу ирахулIэрт, адыгэхэм я хэку зэрахъумэжын хуейм папщIэ Iэмалыншэу зауэм Iухьэрт. А тIур зэрызэщхьэщыкIыр зыт. Япэр щIы лей щхьэкIэ зауэрт, етIуанэм - и щIыр ихъумэжырт. А лъэхъэнэ бзаджэм хэта зауэлIхэм, дипломатхэм, тIасхъэщIэххэм ятхауэ щыIа, тхылъ хъумапIэхэм къыщIаха тхыгъэ куэд сэтей къищIащ тхыдэтхым. Тхылъым къыщыхьа псоми тегъэщIапIэ пэж зимыIэ хэткъым. Апхуэдэуи Аслъэнбэч хэIэбащ адыгэ лъэпкъхэм яIа псэукIэм. Къигъэлъэгъуэфащ лъэпкъхэр зэрызэщхьэщыкIыу щытари зэрызэтехуэу яIари. Нэхъыбэу Мэрзейм зи гугъу ищIыр зекIуэлIырщ, абы иIа псэукIэрщ, и дуней тетыкIарщ. ЗекIуэлIыр, зекIуэлI пашэр зыхуэдэр къыщигъэлъагъуэкIэ уемыгупсысын плъэкIыркъым фIы куэд зэрытфIагъэкIуэдам. Нобэ хуабжьу дыхуэныкъуэщ абы щыгъуэ щыIауэ зэхафыщIа зэхэтыкIэ гъэпсам. Псалъэм папщIэ, зекIуэлIхэм пашэ яхуэхъункIэ хъунур лIыгъэрэ пэжыгъэкIэ ягъэунэхуа цIыхурт. Абы щыгъуэми пашэр пщIэ зыхуащI цIыхуу арт, армыхъумэ мылъкукIи, нэгъуэщI зэрыхэпIэтыкIын гуэркIи ягъэпажэртэкъым. Жэуаплыныгъэ зыпылъ Iуэхум пэрагъэувэр сыт и лъэныкъуэкIи ящIэу цIыху пэжырт, армыхъумэ фейдэ хэхыпIэ хъууэ артэкъым. ЗекIуэ езышажьэ шу пашэм и пщэ къыдэхуэрт иришэжьахэр узыншэу, къуентхъ я куэду кърищэлIэжыну. Къуентхъым щыщу пашэм нэхъыфIыр лъагъэсырт, ауэ ари езым зрилъэлIэфэжыну и напэ тригъахуэртэкъыми, къулейсызхэм ятригуашэжырт. А лъэхъэнэмрэ иджы екIуэкIымрэ зэпэплъытмэ, хуабжьу игъуэтащ зэхъуэкIыныгъэ. ЗызэрихъуэкIами фIы и лъэныкъуэкIэ хэлъ щыIэкъым.

Мэрзейм и тхыгъэм, ипэкIи зэрыжысIащи, тегъэщIапIэншэу зыри къиштэркъым. Ар зытетхыхь зекIуэлIым хэлъ хьэл-щэным къыдэкIуэу къигъэсэбэп Iэмэпсымэхэри, хьэпшып зэрихьэу щытахэри, шы лъэпкъ яIахэри, уеблэмэ шы плъыфэхэри къегъэлъагъуэ. Шы плъыфэу 30-м нэс къехь. Апхуэдэ дыдэуи адыгэхэм яIа шы лъэпкъыфIхэу 20-м щIигъум ягугъу ещI. Тхылъыр зэрытхар урысыбзэщ, абы къыхэкIыу шы Iэпслъэпсхэри, шым ехьэлIауэ къагъэсэбэпа псоми я цIэхэр адыгэбзэкIэ итхыжауэ псалъалъэ щхьэхуэ мы тхылъым итщ. И бжыгъэкIэ 700-м фIыуэ щIегъу зекIуэлIым и Iуэхум зехьэлIауэ къагъэсэбэпу щыта псалъэхэр.

Иджы езы тхыдэтхым теухуауэ псалъитI-щы. Мэрзей Аслъэнбэч и къалэмыпэ къыщIэкIа тхылъышхуэм къыщыгъэлъэгъуа адыгэ хабзэм тетущ и гъащIэр зэрихьыр. А зытетхыхьахэр езымкIэ щапхъэщи, езыри щапхъэ зытепх хъун цIыху дахэщ, щIэныгъэлI къэмыланджэнщ. Аслъэнбэч шыпшэр уанэ тхыдэтхкъым, итхыр фейдэ хэхыпIэ хъун хуейуэ зи гупсысэм хэлъхэм ящыщкъым. Ар матхэ, напэм нэхъапэ зэрыщымыIэр игъэлъапIэу. АбыкIи къеIуатэ лъэпкъ фIылъагъуныгъэр къызыхэкIыр а лъэпкъ телъыджэм хуищI пщIэр къызэрилэжьыжам зэрыripагэр, жысIэнуращи, Мэрзей Аслъэнбэч и «Генезис и эволюция традиционной военной культуры черкесов» тхылъыр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Ди тхыдэр иджыну мурад зиIэм и дежкIэ лъапIэщ, лъэпкъ къэухьым ину зезыгъэужьынщ.

СЭРМАКЪ Къадир.

Илъэс мин бжыгъэкIэ дызэIэбэкIыжмэ

● Хабзэ

«Iэнэм упэрысыху гъащIэм хабжэркъым», - жаIэ адыгэхэм. ПсалъэмкIэ, Щыгъуазэм, лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщщ шхыныгъуэ яIэхэмрэ ерыскъым зэрыхущытымрэ. Адыгэхэм ерыскъым икъукIэ пщIэшхуэ хуащIу къэгъуэгурыкIуащ. Абы и щыхьэт къыщIэкIынщ ерыскъыкIэ тхьэ яIуэу е щIакхъуэм и закъуэ фIэкIа Къурэным нэгъуэщI теплъхьэ мыхъуну къальэитэу зэрыщытар.

ИлъэС мин бжыгъэкIэ дыIэбэжмэ, нарт хъыбархэм, псалъэжьхэмрэ тауры хъэмрэ, апхуэдэуи псалъэ шэрыуэхэм - мыбыхэми увыпIэшхуэ щаубыд адыгэхэм я шхыныгъуэхэм. Ди лъэпкъым хьэщIэр къигъэуIэбжьыфырт шхыныгъуэ зэмылIужьыгъуэ IэфI куэдкIэ.

Дэтхэнэ адыгэми пщэфапIэр Iэмал имыIэу щхьэхуэзу иIэт. Мы Iэхуэхэм щыхьэт техъуэ куэд ятхыжащ ди щIыпIэхэм щыIа зыплъыхьакIуэхэм, тхакIуэхэм, ЛыщхьэхэМ. Шэрджэсхэм я псэукIэр яльэгъуа нэужь, псори телъыдэжь ящыхъуурти, я гъэзугаиэ тхыгъэхэм къыщIэуэтэжыт. Нэхъыбэ дыдэу абыхэм зи гугъу ящIыжари ди лъэпкъым и цIыху гъэхьэщIэкIэрт. Адыгэм и Iэнэр зы шхыныгъэ-тIыкIэ зэфIэкIыртэкъым, ар сыт щыгъуи зыхуей хуэзэу къауэздырт, уеблэмэ лIэужьыгъуи 10-м щIигъу щахь къэхъуу.

Адыгэхэм мыхьэнэшхуэ иратырт гъавэхэкIэхэм. ГъащIэгъуэнщ абыхэм къыхащIыкI ерыскъы псоми «хьэ» псалъэмкIэ къыщIидзэу зэрыфIащари: хьэлыуэ, хьэтыкъ, хьэгулывэ, хьэлIамэ, хьэнтхъупс.

Гъавэхэм ящыщу шэрджэсхэм я деж нэхъ щIэупщIэ иIэр нартыхурт. Ар XVI лIащIыгъуэм Америкэ Ищхъэрэм къашри адыгэхэм къаIэрыхьат. Ар апхуэдизкIэ я гум дыхьати, езым и фIэщыгъэ иратыжащ - «нартхэм я шхын» жыхуиIэу.

Апэми хуэдэу, ноби лъэпкъ шхыныгъуэхэр къызэраIэтыр екIуэкI Iэхуэгъуэм теухуауэщ - хьэгъуэлIыгъуэ шхыныгъуэхэмрэ нэщхъеягъуэм деж япщэфIхэмрэ зэщхьэщокI.

Къапщтэмэ, дызытепсэлIыхь Iэхуэм, шхыным хуащI пщIэм ехьэлIауэ, адыгэм и гъащIэм гъэщIэгъуэн куэд къыдогъуэгурыкIуэ. Ерыскъым епхауэ хабзэ пыухыкIахэр зэраIэм хьэлэмэту тепсэлъыхьауэ щытащ усакIуэ Лыкъуэжь Нелли. Адыгэхэм цIыхум и хьэл-щэнымрэ ерыскъымрэ зэрызэхуахьам и щапхъэуэ абы къехь мыпхуэдэ псалъэжьхэр: «Шхэныгъэ кIыхьщ», «Шхын нэхърэ, шхалъэ», «ХьэщIэр шхамэ, бжэмкIэ маплъэ», «Мылажьэф шхэрейщ», «Iэнэм и пэри и кIэри хъуэхъущ», «Iэм илъ нэхърэ, Iум илъ», «Шхын щхьэфIэбз, шхын гъэбзэх», «Хьэлывэр яшхынрэ пэт, япкI», «Шэм исар шхум йопщэ», «Шыгъум шыпс щIокI», «Ныбэм измэ, щIакхъуэр цIынэщ», «Тхъур IыкIэ ез», «Iэрэ жьэрэ зэблэкIыркъым», «Ныбэм илажьэр IуэтэжыгъуафIэщ».

«Адыгэхэм цIыху гуп зэхуэмыдэхэм хуагъэув шхыныгъуэхэр зэхуэдэтэкъым, - жаIэ абы. - ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, вакIуэхэмрэ мэкъауэзэмрэ щхьэкIэ губгъуэм щапщэфI пIастэмрэ мырамысымрэ къащхьэщыкIырт унагъуэм къызэрыгуэкIыу щагъэхьэзырым. ЗекIуэ кIуэхэм я шхыныгъуэр щхьэхуэт, мэкъушэ кIуэхэмрэ мэз кIуэхэмрэ я гъуэмылэр нэгъуэщI, шыбгым къимыкI зауэлIым ейри адрейхэм ещхьтэкъым. Апхуэдиз зэзыгъэзахуэ лъэпкъыр лъэпкъ узынщэкъэ?! Адыгэм нэхъыбэу къагъэсэбэлыр пхъэ хьэкъущкъут. Ауэ сытми «чэщей щкыуу къабзэщ» жаIакъым. Чэщей хъужыр «самшитырщ». Ар зи тхьэмпхэр гъэмахуи щымахуи щхъуантIэу езыхьэкI жыг лIэужьыгъуэщ».

АдэкIэ шхыныгъуэхэмрэ фадэхэмрэ я фIэщыгъэхэри зэпкърыхауэ Лыкъуэжьым къехь. Псалъэм папщIэ, языныкъуэхэр ди бзэм къызэрыхагъэхьам кIэлъоплъ. Апхуэдизу, махъсымэ, хьэпIамэ псалъэхэр «Этимологие псалъалъэм» къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, махъсымэр (буза) тырку бзэ гупым къыхэкIащ, ебгъапщэ хъунущ тэтэр «максым», максымэ - «брага без хмеля», чуваш - макрама «пиво без хмеля», кыргызыз - максым - «кислое питьё» жыхуаIэхэм. АбхъазыбзэкIэ махъсымэм зэреджэр абахъсымэщ, абазэбзэкIэ - бахъсымэщ, убыхыбзэм мы псалъэр «бакхъысмэ» жиIэу хэтащ.

ХьэпIамэ псалъэм «хьэ»-кIэ къызэрыригъажьэм щхьэкIэ нэгъуэщIыбзэхэм ар хэмытыну къыпщыхъуми, езым и тхыдэ иIэжщ. Нэгъуейхэм я бзэм а псалъэр «катлама» - «пышка из пресного теста, жареная в масле» жиIэу аращ. Тэтэрыбзэм «катлама» - «слоёная лепёшка», чувашыбзэм «хутлама» - «хут» жиIэмэ, зэтеупIэщIыкI къикIыу аращ. Шэшэныбзэми яIэщ мы псалъэр - «хьэтлIам» - «галушка», мышкъышхэм - «хьэлIам» жаIэ. Абхъазабазэбзэхэм - ахъамплал - «варёная кукурузная лепёшка», осетиныбзэм «хэслIамх» - лепёшка из кукурузной муки, свареная в супе», жиIэу аращ.

- Адыгэхэм нэщэнэ куэд яIэщ шхыным теухуауэ. Дунейм и къэхъукъащIэ, цIыхум и хьэл-щэн, гуэныхьпсалъэ жыхуэтIэхэм ехьэлIауэ, - пещэ Нелли. - Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ мы нэщэнэхэр: мафIэм гъавэ пэрыбдзэу ебгъэсэныр гуэныхьщ, фIыкъым жаIэрт; шыгъу щIэупсапсэмэ, дунейр къопсэпсауэ; фом губзыгъэ уещI; щIакхъуэр къудейщ жыпIэмэ, дзэ уэ уохъу; щIакхъуэ щагъажьэм деж, вэгъур къэушырыбамэ, жагъуэгъу диIэщ жаIэрт. Мыпхуэдэ нэщэнэхэр щэ бжыгъэ хуэдизу хъууэ къыщIэкIынщ. Уеблэмэ адыгэхэм шхыным къуажэхь нэгъунэ хуэзохалъхьащ. ГъэщIэгъуэнкъэ, шыгъумрэ щIакхъуэмрэ я «образыр» лъэпкъым къызэрыIэтар. Шыгъум щхьэкIэ: «Пшэрым и уэд, уэдым и дагъэ» жаIащ; щIакхъуэм теухуауэ - «Хьэуазэ и къуэ щIыбибгъуэ». Шей къудейр адыгэм удз лIэужьыгъуэ пщIыкIухум къыхищIыкIыу щытащ. Абы хьихьэрт: балий тхьэмпэри, мыIэрысэм ейри, пшымахуэ и шейри (зверобой), фIарийри (подорожник), шейудзри (душица обыкновенная), хьэцыбанэри, къэрэкъурэшейри (мята полевая), дадийри (душица), къущхьэхъушейри (рододендрон), нэгъуэщIхэри. Ди адыгэ нанэхэм тхылъкIэ зрагъащIэу щытакъым пщэфIэкIэм и щхухэр, атIэ аэр «еджагъэшхуэ» зыщIыр я нэхъыжь ныбжьэхъэм, анэхэм я жьэгум щызэфIэдза шыуаным иращIыкI шхыныгъуэхэм зэрыкIэлъагъэпльэрт. Хьыджэбз цIыкIум и псэр ищI шхыныгъуэм хилъхьэфу ирамыгъэсауэ нэхъыжьхэм я гур загъэрэкъым. Дагъэ зытет лэпсыр къэбгъэкъуальэIуэмэ, сыт хуэдэ химическэ зэхуэфIыгъуэ абы щекIуэкIми, сыт хуэдэ витамин бахъэм и гъусэу хэкIми - аратэкъым щафIэ нэхъыжьхэм я гъэсэнхэм жраIэр, атIэ «лэпсыр куэдрэ къэбгъавэмэ мэутхъуэ, сэбынымэ къыхихыу мэхъу» жаIэрт - абыкIэ псори гурыIуэгъуэт...

БАГЪЭТЫР Luиз.

«Ашэмэзым» и гъэсэнхэр

● Лъэпкъ Iуэху

Цыхубэр зэкъуигъэувэрэ лъэпкъ зэхэщIыкIыр кьиIэту дэтхэнэ зы лъэпкъми дамыгъэ нэхъыщхьэу иIэщ ныпыр. Адыгэ ныпым и махуэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыхигъэунэхуIрэ блэкIа илъэс 13-м ди республикэм и дэнэ щыпIи щагъэлъапIэ ар. Мы гъэми кьалэхэми районхэми щекIуэкIащ апхуэдэ зэIущIэхэмрэ дерс зэIухахэмрэ. Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м епхауэ лажьэ «Ашэмэз» сабий садым и гъэсакIуэхэу Нэщ1эпыджэ Ларисэрэ Джатокъуэ Маринэрэ кьыззрагъэпэща зэIущIэм жьыджэру хэтащ ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр.

АДЫГЭ фащэ зыщыгъ пщащэ зэкIужхэмрэ ныпым и плъыфэу адыгэ джанэ зыщыгъ щIалэщIэхэмрэ екIуэкIыну Iэхуэм екIуу зыхуагъэхьэзырат. КьыззыхэкIа лъэпкъым и бзэмрэ и хабзэмрэ я мыхьэнэр къагурыIуэу зэрагъасэр нэрылъагъуу, зыкъагъэлъэгъуащ сабийхэм. ЗэIущIэр кьыззыIуихри, махуэшхуэм и мыхьэнэр, адыгэ ныпым къэрал куэдым ис адыгэхэр зэрызэкъуигъуэзэр, абы пщIэ хуащIу зэрахъумэр цIыкIуэхэм ежриIащ Джатокъуэ Маринэ.

Вагъуэ пщыкIутIымрэ шабзищ зэблэдзамрэ дыщэпскIэ зытеда нып екIуу утыку кьрахьэри, абы теухуа усэхэр жаIащ гъэсэн цIыкIухэм.

Мы махуэм зи гугъу ящIар ныпым и закъуэкъым, атIэ адыгэм къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэ псоми сабийхэм гу лъагъэатэу зэхалъхьат гъэсакIуэхэм я дерсыр. Абыхэм цIыкIухэр щIагъэдгъуащ адыгэм и тхыдэм, къикIуа гъуэгуанэм, хабзэмрэ нэмысырэ я купщIэм. Апхуэдэуи адыгэм адыгэу зиныпхэр папщIэ и бзэр, и хабзэр, и щэнхабзэр ищIэн зэрыхуейр гурагъэIуащ.

Пщащэ Iэдэбхэмрэ щIалэ нэжэгужэхэмрэ я адыгэбзэ шэрыуэм махуэшхуэр нэхъри иIэтырт. ЯIыгъ ныпым иIэ мыхьэнэр къызыгурагъэIуа цIыкIуэм гъуаэз яхуэхъун куэд зэхахащ а махуэм, езыхэми жэуаплыныгъэ ин яхэлъу ягъэдэхащ Iуэхур.

ЦIыкIуэр ныпым и зэхэлъыкIэм тепсэлъыхьа нэужь, адыгэ джэгукIэхэмкIэ зэпрагъэуащ. Усэхэмрэ уэрэдхэмрэ зэрыжаIэфым кьыдэкIуэу, щIалэхэм я зэфIэкIыр ягъэунэхуну Iэмал яIащ лъэпкъым къыдекIуэкI джэгукIэхэмкIэ. Пщащэхэми адыгэ макъамэ гуакIуэм щIэту кьафэ дахэ ягъэзащIэри, зэIущIэр адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжащ.

«Ашэмэз» сабий гъэсапIэм и унафэщI Битокъу Ульянэ дерсыр зыгъэхьэзыра гъэсакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи сабийхэм я утыку итыкIэм, яIурылъ бзэм, яхэлъ жанагъым арэзы кьызэрищIыр жиIащ.

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, ди лъэпкъэгъуэр щыпсэу кьэралхэм Адыгэ ныпым и махуэр зэрыщаIэтыр и нэщэнэщ зэгуэрым зэбгрыпхьа хъуа адыгэ лъэпкъыр нобэ нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхьужым, щIалэгъуалэр кьызыхэкIам и тхыдэм зэрыдихьахым. Нэхъ щхьэпэжщ сабий гъэсапIэхэм мыпхуэдэ дерсхэр зэрыщекIуэкIыр. Сыт щхьэкIэ жаIпIэмэ, кьыдэкIуэтэй щIэблэм нобэ едгъащIэрэ ди пщдейр зэлъытауэ щытынур. Къэхъундэс цIыкIуэм хуэдэхэр кьыззрытщIэхъуэм, абыхэм ядэлэжьэн гъэсакIуэ пажэхэр дызэриIэм лъэпкъым и къэкIуэнум фIыкIэ ущегъэгугъ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Спорт ● Спорт ● Спорт ● Спорт

Медалитl къахьащ

Челябинск къалэм «А» классым хэтхэм щрагъэкIуэкIащ «Танкоград и Кубок» зи фIэщыгъэцIэ боксымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Ди къэралым и щIыпIэ зэмылIужьыгъуэхуу 30-м къикIауэ спортсмени 150-м нэблагъэ абы хэтащ.

ДИ республикэм икIа щIалитIым медалитI къахьын яхуэзэфIэкIащ. Борсэ Алан (килограмм 63,5-рэ) дыщэ медалыр кьратащ, кIэух зэIущIэм Челябинск щыщ Шефер Артём щыхигъащIэри.

Килограмм 86-рэ зи хьэлъагъ гупым дыжьын медалыр кьахихащ Занилэ Идар. КIэух зэIущIэм ар кьыщыхэзыгъэщIар Тэтэрстаным и спортсмен Зайцев Антонщ.

Етlуанэ увыпlэри Iейкъым

Атлетикэ псынщIэмкIэ Адлер щекIуэкIащ урысейпсо зэхьэзэхуэ, спортсмен ныбжьыщIэхэу 280-рэ, щIыпIэ зэмылIужьыгъуэу 25-м къикIауэ хэту.

МЫБЫ хэтащ щIалэхэр хъыджэбзхэри. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикам икIа Добреньки Александр дискыр нэхъ жыжьэу дзынымкIэ етIуанэ увыпIэр къихьащ.

Бэнакlуэхэм дагъэгушхуэ

2011 - 2014 гъэхэм къальхуа щIалэ цIыкIуэхэм алыджурым бэнакIэмкIэ я зэхьэзэхуэ Новороссийск къалэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэу 30 хэту.

ДИ спортсмен ныбжьыщIэхэм нэмыщI, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Ростов областым, Къалмыкъ, Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Луганск, Крым республикэхэм къикIахэр хэтащ абы. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спорт щIыхьыр цIыхуиблым яхьумати, килограмм 23-рэ хъуэхм я зэпеуэм Мамышэ Самир апэ увыпIэр къыщихьащ. Дыкъынэ Руслан рэ (килограмм 29-рэ) Къаныкъуэ Сулеймэнрэ (килограмм 32-рэ) ещанэ хъуэхащ.

Спортсмен ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэхэр Табыхъу Тимуррэ Жыкъуэ Залымхъанрэщ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Япэ гъэлъэгъуэныгъэ

● Щэнхабзэ

Тэрч щыналъэм щыщ сурэтыщI Къандрокъуэ Хъусен и Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Нарткъалэ Сабий гъуаздджэхэмкIэ и «Радуга» школым.

СУРЭТЫЩI щIалэщIэм дежкIэ япэ гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЗэрыжаIэщи, Iухур зэребгъажьащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихащ школым и унафэщI **Къардэн Равидэ**. Ар Къандрокъуэ Хъусен и лжьыгъэхэм щытхъуа, езым къызэрильытэмкIэ абыхэм яхэлъ фIагъым, щIагъыбзэм я гугъу ищIа иужькIэ, апхуэдэ лъэбакъуэ дахэкIэ гъуазджэм и дунейм хэбжъуа щIалэм ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэрэ зыужьыныгъэрэ щымыщIэну. Сурэтыщым и анэ Альбинэ (выставкэм кьрагъэблагъат) и къуэм и зэфIэкIым зэрызэригъэужьам, зэрадэIэпыкъуам папщIэ фIыщIэ хуищIащ къэпсалъэм.

Хъусен и Iэдакъэщ1экIхэм ятеухуауэ а зэхьэхэм кьыщыпсэлъащ усакIуэ, драматург «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ**.

Къандрокъуэм и лжьыгъэхэр нэгъуэщIхэм кьахэзыгъэщщ плъыфэ зэхэлъхьэкIэр, абыхэм ящIэлъ гупсысэ гъэщIагъуэнхэр. Зэ еплъыгъуэкIи нэрыпъагъуэ яхэлъ псэ хуабагъыр, лъагъныгъэр, гурыфIыгъуэр.

Хъусен кьыщыпсалъэм фIыщIэ хуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр щигъэхьэзырым кьыдэIэпыкъуа егъэджакIуэхэм, школакIуэхэм, Аруан щIыналъэм и цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Хьэпэ Залинэ** сымэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыкъраГъэхьэлIат сурэтыщIым и благъэхэм, Iыхьлыхэм, абы кьыдеджаxэмрэ и ныбжьэгъуэмрэ. ЩIалэм и зэфIэкI хигъахьауэ ипэкIэ кIуэтэну ехъуэхъуащ ахэр.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Редактор нэхъыщIхьэм ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Мариннэ**, **Щхьэщыщ Иэз**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхуэщ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.679
Заказыр №864
12+

Теддэзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iэхуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэуху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Инэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.